



Wawacan Pipilih nyiar nu Leuwih

R. Tjandrapradja

Direktorat
Budayaan

232
A

nen Pendidikan dan Kebudayaan

**WAWACAN
PIPILIH NYIAR NU LEUWIH**

WAWACAN PIPILIH NYIAR NU LEUWIH

oleh

R. CANDRAPRAJA

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
PROYEK PENERBITAN BUKU BACAAN DAN SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
JAKARTA 1978

**Diterbitkan kembali seizin PN BALAI PUSTAKA
BP no. 848
Hak Pengarang dilindungi Undang-Undang**

KATA PENGANTAR

Pembangunan di bidang kebudayaan adalah bagian integral daripada Pembangunan Nasional. Pembangunan bidang kebudayaan tidak terlepas dari pemikiran dan usaha pengembangan dalam bidang sastra.

Karya sastra merupakan manifestasi kehidupan jiwa bangsa dari abad ke abad akan menjadi peninggalan kebudayaan yang sangat tinggi nilainya. Karena itu karya sastra perlu digali dan di garap untuk diresapi dan dinikmati isinya.

Karya sastra memberikan khasanah sejarah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Hasil penggalian dan penggarapan karya sastra akan memberikan rasa kepuasan rohani dan kecintaan pada kebudayaan sendiri yang selanjutnya akan merupakan alat ampuh untuk membendung arus masuknya pengaruh kebudayaan asing yang tidak sesuai dengan kepribadian dan kepentingan pembangunan bangsa Indonesia.

Penghayatan hasil karya sastra akan memberi keseimbangan antara kemajuan ilmu pengetahuan dan teknologi modern di satu pihak dan pembangunan jiwa di lain pihak. Kedua hal ini sampai masa kini masih dirasakan belum dapat saling isi-mengisi, padahal keseimbangan atau keselarasan antara kedua masalah ini besar sekali peranannya bagi pembangunan dan pembinaan lahir dan batin. Melalui sastra diperoleh nilai-nilai, tata hidup dan sarana kebudayaan sebagai sarana komunikasi masa lalu, masa kini dan masa depan.

Para pemakai dan peminat bahasa dan sastra Daerah, khususnya bahasa dan sastra Sunda, baik di dalam masyarakat maupun di sekolah dan di perguruan tinggi, sudah lama merasakan kekurangan akan buku Sunda sebagai bacaan maupun sebagai penunjang pengajaran bahasa dan sastra Sunda.

Selain itu sesuai dengan semboyan 'Bhinneka Tunggal Ika'

sepatutnya kita memelihara segala ragam kebudayaan dan bahasa daerah yang hidup dan digunakan dalam masyarakat kita, agar keanekaragaman kebudayaan dan bahasa di negara kita itu tetap terpelihara dengan segala keindahan dan kelincahannya. Bahkan perlu disebar-luaskan ke seluruh pelosok Nusantara kita sehingga dikenal, diterima dan dirasakan sebagai milik kita bersama.

Dengan tujuan itulah dan untuk mengisi kekurangan tersebut di atas, Proyek Penerbitan Buku Bacaan dan Sastra Indonesia dan Daerah Departemen P dan K, bekerja sama dengan PN. Balai Pustaka sebagai penerbit buku sastra yang telah dikenal sejak sebelum Perang Dunia ke-II, menerbitkan kembali buku-buku sastra Sunda. Bagi yang tidak menguasai bahasa Sunda, tetapi ingin memahami isinya, telah kami susun ringkasan ceriteranya dalam bahasa Indonesia.

Semoga dengan terbitan-terbitan ini kekayaan sastra kita yang sudah begitu lama terpendam itu dapat dikenal oleh khayal yang lebih luas serta dapat menambah pengertian dan apresiasi terhadapnya.

Jakarta, 1978

Proyek Penerbitan
Buku Bacaan dan Sastra-
Indonesia dan Daerah

DAFTAR ISI

	Hal
Kata Pengantar	v
Daftar isi	vii
Ringkasan	ix
Bubuka	3
1. Asmarandana	5
2. S i n o m	8
3. Dangdanggula	13
4. Kinanti	17
5. Asmarandana	22
6. P a n g k u r	24
7. Maskumambang	26
8. Magatru	28
9. Asmarandana	31
10. S i n o m	35
11. Dangdanggula	38
12. Kinanti	42
13. Asmarandana	46
14. Dangdanggula	49
15. Kinanti	53
16. Asmarandana	56
17. S i n o m	59
18. Kinanti	64
19. Asmarandana	66
20. Dangdanggula	70

RINGKASAN

Den Atma (R. Atmadimaja), anak R.H. Anwar dari Kutamaya, bekerja sebagai magang pada wedana distrik Margawindu. Anak muda itu disayangi oleh majikannya, karena rajin, patuh, tekun dan berperangai baik. Pekerjaan halus, maupun kasar, dilakukannya dengan memuaskan.

Wedana Margawindu mempunyai anak angkat, seorang gadis remaja yang manis, Enden Juhro (Uho) namanya. Mengingat perangai dan tingkah laku magangnya, wedana berniat mengawinkan Enden Uho dengan Den Atma. Karena takut kepada ayah angkatnya. Enden Uho setuju dengan kehendak pamannya, tapi sebenarnya tidak. Ia merasa malu dan hina dikawinkan dengan seorang magang.

Pada suatu hari, Enden Uho disuruh ke kota belanja barang-barang keperluan perhelatan bersama si Emot. Di toko Bombay ia bertemu dengan jurutulis kota, R. Natasuanda, yang pandai bersolek dan pintar merayu perempuan.

Karena dibujuk, lagipula disemangati oleh si Emot, Enden Uho sampai berani terang-terangan menarik kembali kesediaannya untuk dikawinkan dengan Den Atma. Tentu saja Wedana menjadi marah sekali dan mengusir anak kemanakannya. Enden Uho kemudian diam-diam pulang ke rumah orang tuanya, R. Sastryuda. Karena dihasut oleh anaknya, R. Sastryuda mendatangi wedana di rumahnya dan terjadilah pertengkaran sengit antara kakak beradik. Tak lama kemudian jurutulis, R. Natasuanda melamar Enden Uho dan perkawinannya dilangsungkan dengan besar-besaran dan dengan segala kemewahan.

Dalam pada itu Den Atma menarik perhatian bupati, karena mendapat kabar dan laporan yang baik-baik tentang dirinya. Karena jurutulis kabupaten naik pangkat menjadi mantri polisi, maka Den Atma diangkat sebagai penggantinya. Di kabupaten pun Den Atma bekerja rajin, tekun, jujur dan sangat memuaskan.

Oleh mantri kabupaten, Den Atma diperkenalkan dengan Agan Emin, kerabat isteri bupati sendiri. Kedua belah pihak ternyata menaruh hati kepada satu sama lain dan disetujui pula oleh orang tua masing-masing, maka dengan restu bupati, Den Atma dan Agan Emin ditikahkan.

Dalam pada itu rumah tangga Enden Uho menjadi kacau, sebab suaminya, R. Natasuanda, suka berjudi dan main perempuan serta hidup royal. Selain terbenam dalam hutang, jurutulis kota itu diketahui telah menggelapkan pula uang negara sebanyak seribu enam ratus rupiah. Untuk mengganti kekurangan itu, mertuanya, R. Sastryuda, terpaksa melelang harta kekayaannya sampai habis sama sekali. Karena hutang-hutangnya belum habis juga, R. Natasuanda, jurutulis yang dipecat itu akhirnya meloloskan diri, entah ke mana. Setelah mendapat surat cerai dan karena putus asa, Enden Uho menjadi pelacur dan ditangkap polisi untuk dirawat di rumah sakit. Sebelum itu, Den Atma masih sempat bertemu dengan perempuan, yang dulu suka merendahkan dan menghinanya. Air tuba dibalas dengan air susu, sebab Den Atma yang tak tega melihat Enden Uho dalam keadaan sengsara, berkenan memberinya uang seringgit sebagai penghibur.

WAWACAN PIPILIH NYIAR NU LEUWIH

karangan

R. CANDRAPRAJA

BUBUKA

Asmarandana

Bubuka carita dangding, midamel tembang lumayan, sugar ngajadi lalakon, malar aya mangpaatna, toemerap ka salira, nu mulus sae diturut, nu lepat sae singkahan.

Ku panuhun nu ngagurit, menggah ajam patekadan, mugimugi ieu dongeng, aya pulunganeunana, namung sakira gaplah, lumayan keur landong tunduh, aoseun samemeh palay.

CANDRAPRAJA

Asmarandana

Kocap hiji menak alim, bangsa Haji terpelajar, yuswana geus sepuh oge, katelah jenenganana, Rahaden Haji Anwar, tani beunghar sarta akur, balabah ahli ibadah.

Linggihna Juragan Haji, dina hiji pakampungan, tempat rada sirna oge, ngaran kampung Kutamaya, teu tebih ti nagara, bawah distrik Margawindu, kaereh ku kawadanan.

Kagungan putra sahiji, pameget didama-dama, ngan henteu diogo bae, katelah jenenganana, Raden Atmadimaja, yuswa dua puluh taun, ari padamelanana.

Raden Atma ti aalit, sakaluar ti sakola, matuh jadi magang jero, jadi magang kawadanan, tina aya karabat, ka Wadana Marga-windu, wargi Raden Haji Anwar.

Tapi najan murangkalihi, menggah Raden Atma tea, wantu-wantu padang hate, saniskanten padamelan, tina hal seseratan, taya pisan nu ngawagu, bubuhan putra turunan.

Jeung bageurna leuwih-leuwih, cacak menak sarta beunghar, teu kumaki teu gumede, jauh kana memenakan, panganggo sakardarna, ludeung nganggo udeng butut, lain sabab ku teu aya.

Reh geus boga bakal apik, tara mabal henteu royal, temen wekel hade gawe, sumawonna tutulisan, sanajan damel badag, supa-sapu kebat-kebut, di bumi jeung di buruan.

Tempo-tempo memeh nulis, ngajalankeun heula kuda, ka pasar lancingan pokek, campur sareng tukang kuda, malah mun aya semah, anjeunna sok ilu biung, campur milu ngajongosan.

Cacak putra mung sahiji, menggah Raden Haji Anwar, anjeunna mah jongjon bae, putra teu diparosea, nya kitu Raden Atma, teu kersaeun agul-agul, ieu aing anak menak.

Najan sok sering kapanggih, ku Rahaden Haji Anwar, Den Atma nuju di pawon, dapur Juragan Wadana, ningal barang tuang-na, kulub iwung cucuk lauk, rorodan dununganana.

Sambel dina sisi piring, katuruban ku saladah, seupan geus taya nu beres, kulub peuteuy tinggal cangkang, ma'lum rorodan menak, sok langka aya nu mulus, nu hade mah disimpenan.

Den Atma magang kakasih, tina beunang dipercaya, sumawonten kana gawe, kana nyekel duit pisan, bageur kabina-bina, teu aya jalan salingkuh, henteu ngarah teu ngarinah.

Kira opat taun leuwih, Raden Atma ngainagangna, beuki tambah pinter bae, sumawonna ku Wadana, najan ku tuan-tuan, Asisten jeung Kuntuliur, pada muji ka Den Atma.

Sigeug magang nu kakasih, kocap Juragan Wadana, ngukut putra ti saderek, istri nu keur sedeng lanjang, kembangna kawandan, putrana saderek sepuh, jenengan Den Sastryuda.

Jenengan kukutan istri, katelah ti bubureyna, nya eta Nyi Raden Juhro, umurna jeung Raden Atma, amung beda meueusan, kira benten tilu taun, rada kolot Raden Atma.

Paripolah jeung parangi, menggah Enden Juhro tea, kawas rada hese oge, nyiar pitandingeunana, kawantu ti bubudak, meunang pangajaran alus, tata-polah menak-menak.

Jeung sok sering pisan ngiring, dina kempelan nagara, biasa nyandak Neng Juhro, ku ibuna ku ramana, tara pisan ditinggal, jadi teu kasebat dusun, nyaho tata menak kota.

Wadana sering migalih, tina nyaah ka Den Atma, kawuwuh Raden Atma teh, geus diajam nyepeng pangkat, malah ku Kang-jeng Tuan, Asisten sering dipundut, didamel magang di kota.

Tina margi taya deui, magang nu cara Den Atma, singer pinter jeung mangartos, Raden Atma dipageuhan, ditahan ku Wadana, sanajan rea nu mundut, weleh henteu diwidian.

Pinareng di hiji wengi, Wadana geus sasauran, jeung istrina gunem wartos, nyarioskeun hal Den Atma, jalma mangarti pisan, engkang mah beak panuju, jeung bageur kabina-bina.

Kawas 'mo sataun deui, tangtu Ki Atma diangkat, da ku engkang dipurustel, jeung hayang teh ulah nyinkah, nyekelna pagewean, lamun Jurutulis benum, tulus kana Mantri Gudang.

Tangtu moal saha deui, geusan pigantieunana, geus meureun Ki Atma bae, malah adpis ti nagara, estu aralus pisan, jadi tina sabab kitu, akang baris ngomong panjang.

Cing coba pikiran Nyai, dumeh urang boga budak, bukti nya eta Nyi Juhro, kumaha kira-kirana, lamun sina lakian, cing ku Nyai di nu singkur, tanya purun ka Ki Atma.

Upama boga salaki, Nyai Juhro ka Ki Atma, dumeh sarundayan keneh, Nyai kudu hade pisan, nanya Nyi Juhro tea, lelemu ku omong lembut, sing hade lautananana.

Nyi Wadana bingah galih, da memang geus ti tadina, ngalamunna sapatotos, tetela nya kitu pisan, hal Enden Juhro tea, muga-muga masing purun, dijodokeun ka Den Atma.

Geus tamat anu pasini, Nyi Wadana pipisahan, ka luar ti jero pangkeng, Wadana pon geus kaluar, nawisan serat-serat, ngaguruh di emper payun, ngagorah jeung upas-upas.

Nyi Wadana asup deui, pura-pura nu teu damang, bari nyaaur ka Neng Uho, cing ieuh ibu pencetan, bet asa teu ngareunah, rieut hulu nyeri suku, tadi urut papanasan.

Neng Uho dina alketip, Nyi Wadana nangkeup bantal, ebog galaha-gelehe, jeung ngadongeng warna-warna, ngarah Neng Uho suka, ngadongengkeun para ratu, nu asal tina sangsara.

Kabeh dongeng jadi misil, nyigutan ka Raden Atma, dian-dekeun ka Neng Juhro, Nyi Wadana beuki loba, dongengna bangsa eta, tungtungna teu sampat-sumput, beletak ditanya pisan.

Ibu teh puguh ti tadi, malah ti kamari pisan, maksud dek nanya ka Uho, kalawan timbalan mama, tapi ulah dek ngewa, timbalan mama ka ibu, kudu nanya ka manehna.

Ku sabab Den Jurutulis, nya eta Saca Barata, pangkatna geus lagu naek, ari pigantieunana, tangtu Atmadimaja, jadi ku sabab sakitu, ayeuna ibu dek nanya.

Sinom

Tapi ieu lalamunan, nyarita nu tanpa bukti, ayeuna Nyai upama, aya anu mikasudi, **ka** Nyai dek ngamuhrim, nya eta ka nu disebut, **ka** Raden Atma tea, nu bakal jadi jurutulis, tah kumaha Nyai teh kira-kirana.

Saupama Nyai suka, ibu atoh liwat saking, komo mungguh manah mama, geus tangtu 'mo salah deui, tangtu bingahna galih memang kahoyongna kitu, upama Nyai suka, beu meureun manaha teuing, moal pisan aya dunya kinasihan.

Dina wiwilanganana, saupama Nyai jadi, geus lakian **ka** Ki Atma, ku asa piraku deui, lamun nyorang prihatin, sanajan saumur hirup, bener Ki Atma Magang, tur tacan boga bisluit, najan kitu moal datang **ka** sangsara.

Pang ibu teu asa-asra, reh inget **ka** Mama Haji, anu sakitu nyantrina, tur kaitung jalma mahi, bageur leuwih ti misti, turunan tunggal sakupu, sadalah mama pisan, mungguh nyaahna **ka** Nyai, henteu beda nyaahna jeung **ka** Ki Atma.

Coba Nyai geura jawab, eulis nyarita saeutik, Nyai kudu inget panjang, ulah sok resep pipilih, bener rea lalaki, anu ginding anu punjul, menak atawa pangkat, tapi ibu henteu naksir, bisa nyiar nu bageur cara Ki Atma.

Enden Juhro pok ngajawab, bari semu imut leutik, samaruk-na babanyolan, tina boga rasa geulis, sanggemna sageuy deui, milik teh datang **ka** kitu, bet abong enya kadar, cing atuh ibu sing milih, era temen ku omongan kanca-kanca.

Geuning milik nu sanes mah, bangsa anak tukang tani, tedak cacah kuricakan, tur dusun leuwih ti misti, tina reujeung pamilih, aya nu **ka** mantri guru, malah nu **ka** Wadana, naha ari diri abdi, taya pisan tawisna anak Wadana.

Datang **ka** kudu **ka** magang, beu bener diri nu tiis, bet sial

kabina-bina, eleh ku anak Murdaim, nu ngaran Nyimas Udi, garwane amang Mantri Ulu, atawa incu Aksan, geureuha Ama Pakuis, tedak sisi datang ka aya martabat.

Abdi mah ukur Nyi Magang, ey ibu bet alim teuing, meu-reun najan ibu pisan, geura bae mangga galih, lamun salaki abdi, di payun keur ngosok lampu, atawa keur di istal, marab kuda ngagong anjing, awon temen kasebat mantu wadana.

Ari lahirna ibuna, duh tobat teuing anaking, poma ulah kitu peta, ulah dek nganapi-napi, nampik ngahina diri, upama mama ngadangu, kumaha Eulis peta, ibu mah rarisi teuing, da geus tangtu engke mama dek mariksa.

Eulis poma-poma pisan, ibu paur liwat saking, saupama engke mama, mariksa ka diri Nyai, ulah ngawalon alim, sumawon ngo-mong teu puguh, kawantu adat mama, teu kaop manggih kapusing, anu matak Uho teh kudu wayahna.

Mun nanya purun-henteuna, kajeun nyebut bade mikir, mun nampik sapajodogan, terkadang nyandak cameti, ibu mah beak risi, sieun Uho nembal embung, tangtu ka ibu heula, mariksana mama Nyai, ku ibu mah dek dijawab Uho suka.

Pek ka ditu ayeuna mah, Uho tapi ati-ati, ulah jiga nu teu suka, ku Den Atma 'mun dikawin, gancang Neng Uho indit, ti kamar lajeng ka dapur, masangkeun katuangan, biasa cara sasari, sanggeus beres tuangeun diarakutan.

Tidinya lajeng taruang Wadana pameget-istri, diladenan ren-cang-rencang, ku si Enot jeung si Supi, Neng Juhro henteu cicing, Wadana bari ngadawuh, cing Uho eta buka, enteh nu ti Tuan Andril, ngeunah mana jeung enteh nu ti Hong Kiat.

Ibuna pok ngadawuhan, ibu mah menta cikopi, asa aya dolol Cina, tadi teh dina lomari, pangirim Nyonya Sun Im, tuh dina lomari kidul, cing itu Bapa Kopral, jeung Lurah sina ngaropi, pek Ki Lurah geura ngopi jeung Ki Kopral.

Sanggem Kopral jeung Mas Lurah, paingan tadi Bah Sun Im, motong hayam pirang-pirang, sugar teh anakna kawin, ngawin-

keun Lim Nio Cin, mana horeng taun baru, saur Wadana tea, hih naha ari silaing, bulan ieu babah mah lebaranana.

Nu taruang geus lekasan, Neng Uho pon pilalagi, matuh tuangna nyalira, di kamar anu sasari, rorodan geus ditainpi, ku ren-cang-rencang di dapur, ronghok jeung tukang kuda, Arhasan upas Mutasim, tukang ngarit mareuleum jagong pangseba.

Si Supi bari sesentak, eta mingkeun sia Latip, itu Aden tacan tuang, Den Atma mah sok geus peuting, sok nyelang ka masigit, engke samulih ti kaum, si Latip sungkab-singkab, maksudna dek cawat-cawit, bororaah bet taya paokeunana.

Sigeug nu geus barang dahar, Den Atma pon enggeus sumping, sarta enggeus barang tuang, sabada tuang barampih, lebet ka kamar leutik, di tungtung dapur ti kidul, geus peuting tetem-bangan, wawacanna Lokayanti, selang-selang maca carita almenak.

Pabeulit heurin ku sela, mindeng katinggang kadali, wantu campur jeung pakean, pabalatak kaleng semir, lilin dipaling beurit, tengah peuting mindeng ribut, brugbreg katinggang gantar, sebrak nubruk ninggang pipi, cempor pareum pakean pating solengkrah.

Teu kocap sanggeus wengina, sadaya geus sami jempling, kajaba Pa Salkam gundam, ngomongkeun pahili arit, cing eta arit aing, dek dipake narok kadu, ieu kadu Muhasan, timu ti sisi kamalir, budak ceurik kagandengan ku nu gundam.

Sigeug nu gundam geus tibra, kocapkeun isukna deui, kira-kira jam dalapan, sabada mulih ti cai, Raden Wadana calik, di kamar ngaleueut susu, sarawuh Nyi Wadana, bari ngaleueut cikopi, papariksa kumaha bubukanana.

Nyi Wadana pok unjukan, peuting ditanya ku kuring, Nyi Juhro tacan tumerang, karek sautak-saeutik, duka baning ku isin, teu nyanggeum purun boh embung, duka mun bakat lanjang, baheula ge geuning kuring, ka anjeunna teu kungsi nyebatkeun su-ka.

Ayeuna sae pariksa, ku anjeun bae pribadi, suganna daekeun wakca, boh purun atawa alim, saur Wadana **ciing**, itu Nyi Juhro

pek saur, saur Nyai Wadana. Uho eta bawa poci, Enden Uho gek diuk mando jeung nyembah.

Galantang Raden Wadana, Uho kuma tadi peuting, ibu kungsi sasauran, jeung ku Uho geus kaharti, jawabna titih rintih, sumuhun dawuhan ibu, mariksa pasanggeman, mun abdi gaduh salaki, ka kang Atma putra Mama Haji Anwar.

Menggah nalika ieu mah, sanes nampik ka pangasih, mugi teu jadi duduka, abdi neda tempo mikir, sasasih dua sasih, ngan sugar bae ka payun, wondering hal kang Atma, bilih kedah gaduh rabi, mangga bae tikahkeun ka anu lian.

Dek ka deungeun ka baraya, ka Gan Yoyo ka Ceuk Titing, dek ka putra Mama Angga, asa henteu kirang istri, naha kedah ka abdi, nujul ka nu tacan purun, abdi mah tacan niat, mung mugi teu jadi galih, tah sakitu pihatur abdi ka mama.

Puncereng Raden Wadana, ngalieus jeung budi pait, kecut haseum paromanna, jeung mindo ngalahir deui, beu lamun kitu aing, cumah ngingu ti lelebut, maraban jeung makean, ngajar sakola jeung ngaji, ahir-ahir henteu dek nurut ka bapa.

Enden Juhro dumareuda, segruk nangis semu nyeri, ngajawabna mamandapan, nya sakinten bendu galih, abdi teu kenging mikir, luhur bulan handap minggu, nya dalah dikumaha, sugar takdir diri abdi, mangga bae numutkeun kahoyong mama.

Saur rama na kumaha, make arek tumpak-tampik, na' hayang ka nu kumaha, maneh teh boga salaki, ieu bisi teu harti, maneh ka Ki Atma untung, nya budak nya baraya, jeung tereh boga bisluit, moal lila Atma tangtu jadi pangkat.

Enden Uho mindo jawab, tobat abdi sanes nampik, puguh teu asa jeung jiga, asa dulur, pet ku hinis, kitu nu jadi margi, lantaran asa jeung dulur, tapi ku margi mama, abdi henteu widi mungkir, unjuk nuhun taya halangan harungan.

Mung abdi bade unjukan, manawi teu jadi galih, mugi mama ngintun serat, ka raka ka bapa abdi, Wadana walon aris, ah eta mah atuh puguh, malah geus ti baheula, mama Nyai mah geus pait, saurna ge teu borong Raden Wadana.

Dina kitu jeung kieuna, sanajan boga salaki, kakang seja pasrah pisan, tah kitu jangjina tadi, tatapi kitu deui, bubuhan urang ka sepuh, nya tangtu ngirim surat, tapi samemeh pasini, mama perlu nyuratan Kang Haji Anwar.

Tidinya tigas timbalan, henteu ngalamikeun deui, Wadana nyaur ka Kopral, Kopral maneh gasik-gasik, saur Juragan Haji, rai dek aya perelu, maneh ka Kutamaya, ayeuna kudu kairing, ulah lila ku rai diantos pisan.

Gancangna Kopral geus iang, nyusulan Juragan Haji, teu kocap lawas di jalan, ka Kutamaya geus nepi, kasongdong Raden Haji, keur linggih calik di payun, barang ret ka Mas Kopral, beu naha rareuwas teuing, aya naon cing geuwat Juragan Kopral.

Sanggem Kopral ditimbalan, ayeuna dawuhan rai, gamparan dihaturanan, ku abdi kedah kairing, kawas bade badami, aya nu langkung perelu, malah utamina mah, kedah jeung Juragan Istri, duka naon henteu terang rasiahna.

Cek Juragan Haji Anwar, bo edas ambu-ambuing, boa-boa palangsiang, Ki Atma kacingcirahi, kula mah beak risi, sieun Ki Atma salingkuh, cek Kopral sanes eta, bet jauh tanah ka langit, asa tanggel putra ngadamel cecega.

Pek atuh ari lain mah, kula moal risi teuing, seg kadinya barang dahar, tah sugaran hayang cikopi, geura tah buah cengkir, bibit meunang ti Madiun, estu pelak sorangan, pasihan ti Raden Mantri, Mantri Gudang Jawa nu baheula tea.

Satutup nu disuguhan, Raden Haji geus tarapti, malah bari sakalian, jeung Juragan Haji Istri, cacandakan sayagi, jeruk paseh paros lauk, seureuh lalab-lalaban, kacang panjang gamet, buncis, harita ge Mas Kopral ngagupay kahar.

Jung jengkar katilu Kopral, memeh cat Juragan Haji, sasauran babanyolan, beu kula mah risi teuing, sieun aya nu nuding, anu nyangka Haji ngamuk, disebut sagolongan, arek milu perang sabil, ger sareuri Kopral kusir sami mangkat.

Dangdanggula

Di jalanna henteu kocap lami Raden Haji sarawuh **Ki Kopral**, caturkeun datangna bae, ka bumi enggeus asup, sakalian garwa teu kari, Wadana ngadawuhan, akang ambu-ambu, naha **nganggo** barang candak, pok ngajawab pilahirna Raden Haji, **ieu geuning aceukna**.

Nyi Wadana galegeh teh teuing, ngaku tamu komo ka baraya, sanajan ngaku nu sanes, dadasar menak akur, pilahirna ceuk mangga calik, burber alketip samak, di bumi ngalingkung, pilahir Nyai Wadana, ambeu ieu, buncis mareujeuhna teuing, Uho nyokot aya-kan.

Enden Uho, harita teu cicing, tina tapis taya ngawaguna, saban aya tamu oge, Gan Uho geus ngabaku, wantu-wantu hideng mangarti, kembangna kawadanan, bener putra kukut, tapi teu asa jeung jiga, Enden Uho mukaan kabeh lamari, nyandakan kukuehan.

Katuangan geus beres jeung apik, dina baki rampag kekele-ran, sor dipangku ku si Enot, si Enot pon nya kitu, duduk hideng ibarat koki, juragan ngadawuhan, ka dua tatamu, cing mangga akang kadinyah, ngaleueut dua tamu sami wani, kawantu sasama-na.

Nyi Wadana pok milahir deui, ka rencangna ngaran Enot tea, coba Enot ka Gan Uho, burukeun itu sangu, sarta ieu rawatan gasik, buncis jeung gamet tea, kulub sing haripu, jeung eta muka mantega, ieu tawes nu candak Juragan Haji, ku Uho sina polah.

Henteu lami sangu geus sayagi, ger taruang pada sukan-su-kan, galecok ngadu carios, nu tuang sanggeus tutup, gek caralik di sisi bilik, Den Haji jeung Wadana, istrina pon kitu, dawuhan Raden Wadana, ka Den Haji akang pang digingsir linggih, puguh aya rasiah.

Reh ku rai dihantem 'dipikir, mungguh putra Ki Atmadimaja,

jalan manehna geus baleg, jadi manehna perlu, dijujurkeun kana rarabi, malar tengtrem pikirna, henteu marungkawut, ari pagaweanana, Ki Atma teh beak karep nya mangarti, taya cawadeunana.

Tah ayeuna rai dek badami, tina rai teu asa jeung jiga, memangna ge tunggal keneh, rai ka akang dulur, barudak ge pon kitu deui, sasat sarua anak, purwa dek barempug, kumaha lamun Ki Atma, ditepungkeun jeung anak kukutan rai, putra kang Sastrayuda.

Amung tobat rai sanes narik, sanget pisan akang ulah nyangka, yen budak diusang-asong, eta ku sanes kitu, nu dongkap mah teu kirang jalmi, malah mangkukna pisan, seuweuna Den Ajun, ka Nyi Juhro geus nanyaan, mung ku rai saukur diwalon tulis, yen aya nu tiheula.

Yaktosna mah teu surup jeung ati, sumawonna ka Gan Sulaman, seuweuna Den Haji Enoh, rai teh teu panuju, najan beunghar teu kurang duit, rai teu ngarah dunya, da rai ge cukup, dina wiwilanganana, mun Ki Atma, diparengkeun laki-rabi, najan teu nye-kel pangkat.

Rai nanggel 'mo nyusahkeun deui, tina nyaah ka duanana, Ki Atma sarta Nyi Juhro, najan saumur-umur, tina rai teu aya deui, da anak henteu boga, jaba anak kukut, rai teh percaya pisan, ka Ki Atma, teu pambrih ku sugih mukti, lian ku kabageuran.

Menggah eta ayeuna kang rai, seja naros ka akang kumaha, naha manah akang cocog, tapi lamun teu rujuk, rai oge mo' jadi ati, da sanes jeung nu lian, rai wajib ngurus, ka barudak duanana, malah-malah geusan waragadna kawin, rai nu nanggel inya.

Jawab Raden Haji duh ambuing, menggah kakang sanajan aceukna, sok dusun lamun teu cocog, anamung rada bingung, nomer hiji nu jadi risi, sok palangsiang putra, manahna teu purun, dipihukum ku pun anak, tina ma'lum hiji budak hina laip, kadua can sawawa.

Palangsiang putra mah ngagalih, nyandak harkat martabat kapala, hoyong ka nu gaduh gawe, saur Wadana tangtu, menggah

eta geus jadi galib, tapi ari ieu mah, da rai nu ngurus, rarasaan moal baha, geura taros ieu bae rai istri, kuma' raratanana.

Cek garwana yaktosna mah tadi, Nyi Juhro teh ku rai ditananya, ngomong babanyolan bae, ditanya pasal kitu, pisanggemna, sumeja ngiring, geura mangga ayeuna, Nyi Juhro disaur, pek Neng Juhro digentraan, calik emok mando di deukeut lomari, ditaros ku ramana.

Ngajawabna henteu robah deui, tetep bae sakamari tea, pendekna geus daek bae, tapi murukusunu, memang henteu terus jeung ati, bakat sieun ku rama, nu sok gancang napsu, dumadak mangsa harita, kakupingeun ku si Enot ti nu buni, seuri jeung nyebut kutan.

Raden Haji pok ngawangsul deui, nun sumuhun menggahing waktuna, ieu teh di sasih naon, Wadana pok ngadawuh, menggah maksud rai pribadi, hayang di sasih Rewah, kaping dua likur, ayeuna teh sasih Rajab, mun teu lepat kaping dua puluh hiji, persasat masih anggang.

Cek Den Haji ngiring liwat saking, mung panuhun emutan pun kakang, memeh ngajadikeun waktos, madak gamparan rempug, ku jalaran teu acan nguping, hayang naros pun anak, sanggup boh teu sanggup, dijodokeun saréng putra, Wadana teh harita mi-lahir deui, atuh sumangga pisan.

Enden Juhro harita geus bijil, sarta nyingkah ti payuneun rama, baeud haseum nya pasemon, tina seep teu purun, barang sumping ka kamar numpi, nangis kanyenyieran, di jero kulambu, bantal cipruk ku cisoca, bari mikir diri teh bet apes teuing, dipaska ka si Atma.

Tapi nangis weleh teu katawis, tina sieun ku ibu ku rama, cipanon ditahan bae, lajeng angkat ka dapur, ningal Enot geus imut leutik, beuki tambah nya cua, tingsariak punduk, si Enot dek ngabanyolan, Enden ngejat nguliwed ka kamar deui, cumiduh jeung reureuhak.

Sabot Enden di kamar keur numpi, jebul Raden Atma nga-

deuheusan, dibaju potongan lolo, gek sila nyembah tungkul, di payuneun tamu pribumi, galantang dipariksa, maksudna yen kitu, Den Atma semu nu susah, reh rumasa sanes babad sanes tanding, nilik awak sorangan.

Tina hantem pada ngaweweling, ditataan piahireunana, diembrehan ku kamukten, tungtungna pok miunjuk, amung henteu weleh jeung gimir, boga rasa dipaksa, Neng Juhro panggangup, tapi apa bole buat, sanggem Raden dupi menggah jisim abdi, mangga taya wagelan.

Mung baringna lamun putra mungkir, ulah abdi nu dianggap lepat, jalaran abdi rumaos, persasat sanes kupu, tina ningal sare'at diri, kahiji sanes pangkat, tur dusun meledug, lahiran Raden Wadana, heum eta mah montong ngaborongkeun teuing, mama nu nanggung inya.

Sanggeus beres badami pasini, lajeng bubar ti bumi ka luar, Den Atma nya kitu keneh, Den Haji pon nya kitu, harita ge geus pamit mulih, lajeng jengkar sadaya, Den Haji geus tuluy, teu kocap lawas di jalan, Raden Haji sarimbit geus sami sumping, lajeng bae pepeta.

Dua poe ngatur bangsa tulis, ngawartosan ka wargi nu anggang, surat geus ngetan geus ngulon, Wadana pun nya kitu, ondang-ondang ka para wargi, warta dek minantuan, bulanna geus tangtu, nya eta di bulan Rewah, sumawonten ka saderekna pribadi, ka Raden Sastryuda.

Kakocapkeun di Rahaden Haji, geus sayagi cacandakan nikah, kaetang utami oge, artosna tilu ratus, jabi domba embe jeung munding, panganggo nu arendah, ngukur kana tangtung, adeg-adeging wadana, nu ditingal sanes jalma ipis-ipis, memang harkat wadana.

Sigeg Raden Haji nu sayagi, kakocapkeun Enden Juhro tea, kadua rencang pun Enot, meneran poe Saptu, didawuhan Juragan Istri, Enot cing ieu Agan, dina poe isuk, ku maneh iring ka kota, babalanja meuli kulambu alketip, urang kudu sadia.

Tah duitna dua belas ringgit, sasesana meuli tipung gula,
pakean mah aing bae, dek milih anu surup, iket baju keur bahan
kawin, sugaran di toko Cina, eta mah perelu, alketip kulambu
tea, ti ayeuna sakalian tukang mesin, ku maneh kudu bawa.

Poe isuk Enot, Agan indit, pada nyacat angkatna badarat,
sajajalan sempal guyon, si Enot nu cacatur, alah Juag kaliru
teuing, eh lebar ku salira, dumugi ka kitu, naha kersa ka Den At-
ma, manasina geus euweuh pisan lalaki, sajabi ti Den Atma.

Atuh mingkin Gan Uho muringis, jeung ngajawab semu anu
cua, lah meugeus Enot tong ngomong, ieuh bet mani ngaruy, asa
sebel ku bakat ijid, lamun ras hayang utah, ku beak japilus, tidi-
nya cat kana kahar, di jalanna henteu dikocapkeun lami, datang
ka toko tea.

Kinanti

Si Enot geus tanjak-tunjuk, tah ieuh Agan alketip, jiga nu ka-
gungan rama, di kaum Juragan Naib, itu kulambu atela, tingali
dina lomari.

Saur Agan leuh ku lucu, ieuh batis Paris, cek Enot atuh kan-
tenan, siga kagungan Gan Emin, lah ku rea nu kabita, itu ali jeung
panithi.

Jongjon nu keur tanjak-tunjuk, di toko pating kecewes, ko-
capkeun di toko Cina, aya anu keur pelesir, satria kembang naga-
ra, pangkat jeneng jurutulis.

Jenenganana nu mashur, sakota sami tingali, Rahaden Nata-
suanda, capetang canteng tur ginding, jurutulis Wadana kota,
anom teu kagungan istri.

Keur ngadeg nyesep surutu, ngareret pareng ningali, ngole-
bat di toko Bongbay, nu ngeber-ngeber alketip, Gan Ulis nyaaur
ka Usman, pangiring rencang kakasih.

Saurna cing Usman itu, tenjo ku maneh sing sidik, siga aya
anu herang, eukeur ngilikan alketip, tuh geuning di toko Bong-
bay, coba teang api-api.

Agus Usman munggah rancung, teu beda sareng si Kuplik, ceuli jidang mata herang, tarang kerung alak-ilik, nyerangkeun ka toko Bongbay, barang si Usman geus sidik.

Ti toko Cina jut turun, bari ngeupatkeun cameti, cambukna kacikeruhan, gagangna pepentol beusi, dagangan di Cicalengka, kodian peso jeung kacip.

Ka toko Bongbay geus asup, rarat-reret alak-ilik, bari nyebut tabe tuan, coba sayah mau kasih, hayang liat ini sebrak, nyang mana tuan nu necis.

Cek tuan semuah bagus, wah ini mah barangkalih, cek sayah mah rada besay, sayah mah mau cap anjing, jawab tuan bole liat, cek si Usman nanti-nanti.

Agus Usman beuki asup, geus deukeut kana lomari, ngadeukeutan Enot tea, bari ngomong ulat manis, cing Nyai nukeuran betal, cek Enot abdi teu harti.

Usman imut ngagelenyu, panon ngareret ka gigir, di handap ngulinkeun tangan, rindat ngulangkeun cameti, Nyai eta istri saha, rakaan atawa nohnit.

Nyai Enot panjang catur, eta teh dunungan kuring, putra Juragan Wadana, arek ngagaleuh alketip, jenengan Neng Uho tea, lanjang tur putra kakasih.

Urang distrik Margawindu, nya eta atuh istuning, ieu teh keuna cilaka, yaktosna mah keur prihatin puguh bade carocean, ka nu teu surup jeung galih.

Nya eta ka magang kukut, sasat meunangkeun pangiring, ka jenengan Raden Atma, seuweuna Juragan Haji, kena-kena ka wargina, dipaksa teu meunang mungkir.

Agus Usman tungkul kerung, cengkat bari semu pusing, bari nyarita beu edas, ieu mah kacida teuing, datang ka meunangkeun magang, kawas nyungcung bumi-langit.

Usman pura-pura tuluy, ti tempat Enot geus indit, kojeng-kang leumpang ka luar, bari ngulangkeun cameti, biwir renyom ka dunungan, isarat ngagingsir linggih:

Jurutulis ti toko lungsur, diraksukan lena bersih, disinjang poleng gerusan bendo udeng lereng manis, diselop kacianjuran, tasna emas nganggo topi.

Barang Jurutulis dek asup, Usman nunjuk ku cameti, tah ieu mah istu sebrak, nu kaetang nomer hiji, teu cara anu ti babah, luntur jeung tariko ipis.

Cek Jurutulis bener alus, Jurutulis lajeng ngalahir, tuan saya mau tanya, kalo sebrak model ini, berapa biasa jual, saya perlu buat beli.

Sanggem tuan harga itu, biasanya tiga ringgit, Juragan boleh periksa, yang itu model Kamerling, Jurutulis mindo ngajawab, ya betul bagus sekali.

Jurutulis beuki maju, mapay ka deukeut lomari, ngadeukeutan Enot tea, Raden bari rarak-ririk, langak-longok kana kaca, ngalahir teu pati uni.

Ka Nyi Enot bari imut, wah ieuuh ngeser saeutik, Nyai teh anu ti mana, eta saha nu diiring, jeung saha ibu-ramana, kakasih-na kitu deui.

Nyi Enot ngajawab tungkul, sumuhun dunungan abdi, putra Juragan Wadana, Margawindu tempat distrik, katelah Gan Uho tea, putra rama mung sahiji.

Saur Raden aduh-aduh, cing ulah kapalang sidik, naha ieu teh parawan, naha kagungan salaki, sanggem pun Enot parawan, nembe bade jatukrami.

Saur Raden beu kaduhung, ieu mah edas istuning, sugaran teh masih lugina, sihoreng istri berewit, na atuh bade ka saha, ka pangkat atawa lain.

Cek Enot nya eta atuh, abdi mah mung batil isin, puguh ge bade ka magang, magang rama ti leuleutik, ngaran Den Atmadimaja, jalma kampung anak Haji.

Saur Raden beu piraku, naha dilelebar teuing, nyaah temen ku turunan, abong kadar milik diri, nya alus milik si Atma ngelekeun ka jurutulis.

Uing mah hoream nimu, bener pangkat jurutulis, tur uing aya di kota, sarta tacan boga rabi, Atma teh pantar kumaha, milikna bet alus teuing.

Cek Enot lah alim nyebut, abdi mah teuing ku isin, ma'lum magang pikampungan, biasa aya di distrik, teu di gajih-gajih acan, lian ti nu jagrag munding.

Jeung dusun bulukusutun, damelna ngan ngosok korsi, jeung sok ngajalankeun kuda, tempo-tempo ngosok bedil, da nulis mah kakapeungan, tayoh jeung kurang mangarti.

Malah dongengna nu estu, ieu Agan teh istuning, yaktos sanes kahoyongna, kalah ku dirarah-ririh, diolo paksa pirusa, dumugi ka hinghing nangis.

Bakat ku kadoa sepuh, kahoyong rama istuning, sareng ari yaktosna mah, sanes putrana pituin, ieu mah putra kukutan, dirorokna ti aalit.

Juragan mah darma ngurus, nanging kalangkung diasih, tadi ge sajalan-jalan, aya harewos ka abdi, euweuh teuing anu waswas, sok hayang aya nu maling.

Cek Raden na enya kitu, lah geura sumangga teuing, taros bae ku gamparan, naha teu percanten teuing, Enot bari rada ngejat, nyaketan ka nu diiring.

Geus caket Enot gelendut, harewos munggah ngecewis, panon bari dulak-dilak, ka Si Usman sindir sampir, Ujang naha bet nebihan, cing tulung nawar alketip.

Agus Usman bari ingguk, ngilikan kana alketip, bari ngilik-an nomerna, campur jeung rada teu ngarti, gegeroan ka dunungan, gamparan ieu tingali.

Yaktos nomor dua likur, Jurutulis maju **saeutik**, **caket** ka Gan Uho tea, barina naros saeutik, Agan teh **hoyong nu mana**, bade ngagaleuh alketip.

Saur Gan Uho sumuhun, ieu anu sisi **gading**, **cek Jurutulis ah ieu mah**, awon siga gagah teuing, **ari eukeur panganten mah**, kudu anu lungguh manis.

Agan Uho semu mesum, ka si Enot rada nyiwit, Enot nyinkah ey Agan mah, naha bet nyiwit ka abdi, saha anu ngabanyolan, bet lain-lainna deui.

Jurutulis beuki wantun, rea banyol sindir-sampir, dipalar supaya gagal, nikahna ulah ngajadi, dadasar buhaya kota, nu ahli nipi ka istri.

Dilelemu disesemu, sangkan Gan Uho kataji, dibarengan ku si Usman, Raden Atma dirurujit, Agan Uho dibibita, ku hal agung-na bisluit.

Ma'lum lanjang nu tumamu, dek ngajawab henteu wani, tapi boga tajem manah, siloka kabeh kaharti, sumurup ngaraga sukma, rempug sareng sanubari.

Ku Enot lajeng disambung, geus jagan tong paos teuing, mun jagan dek sayaktosna, montong ngaborongkeun kuring, lajeng Enden Uho nyinkah, si Enot jongjon ngabuih.

Sanggem Enot asa cadu, upami abdi teu hasil, asal ulah baba-nyolan, yaktos jagan dek migalih, saur Raden uing sumpah, upama dek ngarah ulin.

Sanggem Enot mangga tunggu, antosan dugi ka enjing, elat-na pageto amat, abdi tangtos dongkap deui, Ujang Usman sina me-gat, abdi dek dongkap ka bumi.

Ayeuna mah jurung laku, cing ituh galeuh alketip, Enden Uho digupayan, ku Enot diajak mulih, alketip lajeng dibayar, tina saku Jurutulis.

Sakalian jeung kulambu, dibayar ku Jurutulis, jaba Enot di-keupeulan keretas nu dua ringgit, Agan Uho dipasihan, keretas sapuluh ringgit.

Enot munggah amarikut, ngelek kulambu alketip, mancat kana kahar sewa, artos nu ti ibu tadi, weuteuh ukur meuli gula, Enot Gan Uho dek indit.

Diselang pating lalinggut, cek Enot ka Jurutulis, juragan sabar sakedap, masing percanten ka abdi, engke ge geura di jalan, cadu lamun teu kataji.

Asmarandana

Enot, Agan sami indit, dina kahar aya jamna, atuh tumani-nah bae, Enot ngagosok ka Agan, duh Juag ayeuna mah, asal bi-ngung jadi untung, meunangkeun satria gandang.

Den Atma mah dina cinggir, kawas 'na dampal sukuna, eleh gandang eleh kasep, eleh beunghar eleh pangkat, jeung henteu gahu garwa, Atma mah dusun meledug, tara ngomong-ngomong acan.

Mun emut sok matak seuri, ari ras dina tuangna, andekak sila di pawon, deungeunna jeung bawang atah, saladah buah leunca, kurupuk euweuh nu mulus, cipruk timu tina kuah.

Enden Uho mingkin ijid, eukeur mah teu boga niat, sumawonna lamun bogoh, ayeuna katambah-tambah, ku Enot diruruk-sak, mesem kecut bari nyaaur, geus Enot montong carita.

Kami teh puguh keur mikir, kuma' piakaleunana, sangkan ka-mi bisa bedo, dikawinkeun ka si Atma, lah cua Enot cua, cek Enot lah make bingung, ke urang carios panjang.

Ayeuna ulah katawis, ieu kenging gagaleuhan, sanggakeun jeung budi aneh, sanggeusing nyanggakeun barang, isukna page-tona, urang badami di pungkur, kuma pibereseunana.

Kumaha tarekah abdi, geura engke ari dongkap, urang badami di pangkeng, saur Agan sukur pisan, lamun Enot sanggup mah, rusuh ribut kuma' isuk, da puguh oge teu suka.

Gancangna kahar geus nepi, Enot ringkung barang bawa, to-rojog ti payun bae, Enden Uho sumawonna, ku rama kauninga, ki-tu deui tuang ibu, ngagupay ngahiap-hiap.

Ditataan hiji-hiji, sakabeh beunang balanja, geus cocog ka-manah kabeh, ti bumi geus ka laluar, Agan lebet ka kamar, pang-anggo geus ucul-ucul, disalin ku nu basajan.

Enot mikir sapeupeuting, teu hees neangan akal, geusan pa-

karang Neng Uho, Neng Uho ge pon mikiran, sarua teu bageurna, kocapkeun deui geus isuk, popolah adat biasa.

Kira jam sapuluh leuwih, juragan nuju roronda, Enot geus asup ka pangkeng, ka kamar Gan Uho tea, karepna dek carita, gelendut nu mangun catur, jurig patepung jeung setan.

Cek Enot kumaha geulis, naha parantos kamanah, hal badami kamari teh, cek Agan atuh kumaha, kami susah kacida, ras ku mama ras ku ibu, nu sakitu barengisna.

Cek Enot lah tai ceuli, sugar mah moal ngahuap, pok bae engke mah sore, moal lami oge rama, sumping, ti pangrondaan, nekad nyanggakeun piunjuk, nerangkeun yen henteu suka.

Tayapisaureun deui, kajaba ti henteu suka, ditikah ku Den Atma teh, sabab upama dipaksa, tangtu jadi kasawat, wuwuh ngabibingung sepuh, maksa-maksa nu teu suka.

Barang Enot keur ngecewes, kuda di payun bohoang, aya nu moro ti kantor, horeng Juragan Wadana, sumping tina roronda, guprak cameti jeung tudung, ka tukang dek muka elas.

Si Enot ngejat jeung bijil, ngayagikeun katuangan, pahibut jeung Enden Juhro, Enden Uho ratug manah, kawas nu boga dosa, dasar pikir keur mangpaung, turta baris tetekadan.

Juragan mulih ti cai, sarta teu lami brak tuang, bari nyarios galecok, nyaritakeun lurah ragrag, labuh ti luhur kuda, kuda mudun najong batu, Ki Lurah nu ngajurakah.

Teu pati panjang perkawis, nu taruang geus bubarau, nu tas ronda teh leleson, dina korsi ngabaheuhay, sirna kabina-bina, Enden Uho dijujurung, ku Enot dimangga-mangga.

Gan Uho maksakeun indit, seja tetekadan tea, cek manahna 'mo ngalebok, lajeng Agan ngadeuheusan, rama keur senang-senang, Agan tungkul manah ratug, asa ngapung pangacian.

Juragan lajeng ngalahir, Uho aya naon beja, Enden Uho pok ngawalon, sumuhun pariksa Mama, mugi teu jadi duka, abdi teh gaduh piunjuk, anu sakalintang nista.

Amung sanget pikir ajrih, isin nu taya hinggana, amung bati risi bae, tapi dalah dikumaha, batan jadi mamala, tinimbang napsu dikandung, utami wakca balaka.

Cek ramana montong risi, lamun dek boga carita, nya hade geura pok bae, Enden teh munggah perperan, asana geus beletak, tina manah geus kapahung, nekad kapalang doraka.

Yaktosna mah pikir abdi, gaduh raos yen dipaksa, ka Atma diruma-remo, bener abdi geus ngajawab, nyanggeman ka pun Atma, amung semet biwir wungkul, hate mah beak teu suka.

Dupi anu jadi margi, sanes ku ngahina-hina, ngan ku abong-abong bae, kapan mama ge uninga, pun Atma sasat bujang, teu beda sareng pun Ajum, bedana ngan dumeh magang.

Estu kawas taya deui, lalaki lian ti Atma, di dayeuh ge rea keneh, anu dek welas ka awak, menak pangkat tur kaya, rama kecut banget bendu, gegejlig awahing wera.

Pangkur

Tah mimiti sia setan, geus dek merong sia ka beungeut aing, sia naha nyaplok kitu, kapan geuning cek sia, abdi mangga, sia geus nyacapek kitu, bet kawas aya gogoda, era temen ku Kang Haji.

Aing geus pasang subaya, jeung Kang Haji pasini nyieun jadi, ahir-ahir sia kitu, geura mah boa-boa, sangka aing si Enot nu nyieun kitu, mana eta si Murminah, cing kadieu sia jurig.

Nu di bumi kaget pisan, henteu lila sumping Juragan Istri, bari nyaaur ambu-ambu, ku naon ieuh Engkang, mana wera sasari ge tara kitu, ieuh bet kabina-bina, cing carios masing tartib.

Pamegetna ngadawuhan, ieu geura make dek udar jangji, kawas aya anu nипу, bet mumul ka si Atma, padahal mah maneh-na geus nyebut purun, dek dikawin ku si Atma, malah payuneun Kang Haji.

Cek istrina iih naha, Nyi Juhro mah wet kawas budak leutik,

kapan maneh teh geus purun, keur naon nyebut mangga, mun kitu mah maneh teh rek nyieun gujrud, ka kolot dek ngawiwirang, cing ulah bet kitu teuing.

Maneh masing inget panjang, kapan maneh diingu ti leuleutik, geus gede bet males kitu, teu nyana kitu tekad, kawas-kawas maneh aya nu ngawujuk, itu mana si Murminah, cing kadieu sia iblis.

Si Enot geus ngadeuheusan, bol polotot Wadana nyaaur bengis, cing nyarita sia gejul, naon nu jadi sabab, anu matak si Juhro ngajawab kitu, geus tangtu tangkurak sia, nu nипу nu ngarurujit.

Si Enot jeung dumareuda, aeh-aeh Juragan duka teuing, abdi mah bet wantun medu, saupami ngangsonan, panginten mah anjeunna bae nu embung, lakian ka Raden Atma, naha mamawa ka abdi.

Enden Uho pok nambalang, pun Enot mah henteu hirib teu miis, gamparan teu kedah bendu, Wadana kapoekan, kop cameti kumerot jeung bubak-babuk, najong korsi nejeh meja, tampolong munggah tibalik.

Nu marando paburantak, sadayana pada sieun cameti, lalum-pat nyumput ka dapur, Wadana ngudag-ngudag, jeung sosoak hilik nytingkir sia bedul, aing henteu suka pisan, kacicingan nu berewit.

Henjig setan sia nyinkah, najis teuing ngingu nu lanca-linci, sia mah jurig malulu, jor sia geura leumpang, montong nece ka imah aing saumur, teu beunang dijieun jalma, sia oge ati-atি.

Saumur sia dumelah, moal manggih karahayuan diri, tangtu sia moal puguh, pek sia rasa-rasa, 'mo mujijat aing wani tumpang taruh, najan indung-bapa sia, memang dicukup ku aing.

Saha manusia nu mungpang, ka kolotna resep nyieun sak ati, asa langka anu mujur, komo bangsa ieu mah, persasatna katulah ku dua tilu, hiji ti kolot sorangan, dua Atma jeung Kang Haji.

Enden Uho lolongseran, ngabangingik nangis leuwih ti nyeri, **ngenes ku diburung-burung**, pok nembal ka ramana, da teu hayang

kawin ka magang belewuk, kajeun teu diaku anak, manan purun suka balik.

Ramana tambah sosoak, euleuh-euleuh rek mantog mah jung teuing, dikira aing teh butuh, ku budak nu cucungah, urutna ge sia wajib diseretu, henjor sia kurang ajar, teu dek mere tempo deui.

Maskumambang

Enden Juhro nangisna kawanti-wanti, di dapur nyalira, di enggon Enot nu rujit, Enot nu keukeuh ngupahan.

Saur Enden ayeuna mah Enot kami, kawas panungtungan, di dieu 'mo lila cicing, cing Enot kami tulungan.

Papakean itu dina enggon kami, cing Enot bawaan, ayeuna dek maksa balik, mulang ka bapa sorangan.

Di dieu ge kami nambahana kanyeri, geuning ucap mama, aing henteu sudi teuing, ngingu budak nu cucungah.

Tapi engke di mana kami geus balik, Enot poma-poma, deuheusan Kang Jurutulis, wayahna nyaba ka kota.

Sabab era upama kami teu jadi, meureun omong jalma, ka si Atma bisa nampik, lamun teu gancang lakian.

Da kami mah upama bisa ngajadi, ka Jurutulis kota, sok ha yang muaskeun pikir, sing katingali ku mama.

Dek pelesir kadua Kang Jurutulis, liwat kawadanan, nyeri ku disebut iblis, sok abong kena Wadana.

Sanggem Enot antosan bae nu geulis, sugar bongoh rama cing kadieuh eta samping, dek dipake ngarimbunan.

Tuluy Enot ngojengkang asup ka bumi, leumpang lalaunan, panon bari alak-ilik, geblus geus asup ka kamar.

Dina kamar Enot bari rarak-ririk, naon nu kapendak, mukaan tina lomari, raksukan kekemben sinjang.

Mung saeuting jalaran sieun katawis, Enot gagancangan, panganggo dibuni-buni, kawas reuneuh tujuh bulan.

Sadatangna ka dapur mungguh pakupis, Enot milu dangdan,
gembolan lajeng diais, ku Enden Uho dek iang.

Ku panginten tabuh tilu oge leuwih, geus deukeut ka asar.
Enden ngalolos ka pipir, moncor kana istal kuda.

Gundang-gandong Enden ngais bari nangis, nyusutan cisoca,
angkat mapay jalan leutik, turun ka sisi solokan.

Enden angkat ngadigdig geus rada tebih, di leresan pasar,
Enden nagupayan kusir, tunggang kana kahar sewa.

Kahar gancang kudana munggah dikeprik, adat anu minggat,
teu lami Enden geus sumping, kira jam satengah lima.

Kaleresan ramana kasondong linggih, nuju di buruan, keur
maraban lauk cai, Enden lungsur tina kahar.

Henteu tolil ramana teu ditingali, Enden gagancangan, lu-
mebet ka jero bumi, bluk, nyuuuh bari nangkuban.

Rama kaget dumeh Enden Juhro nangis, munggah lolong-
seran, sumungkem di tengah bumi, bari nanangkeup gembolan.

Sasambatna ibu-mama tobat teuing, tulung Gusti Allah, saur
rama iih Nyai, mangke heula mama nanya.

'Na ku naon ceurik teh kacida teuing, naha katudingan, pa-
langsiang maneh maling, maling barang Nyi Wadana.

Enden Juhro nangis kalah beuki tarik, teu lami ibuna, marik-
sa jeung ngageugeuing, cing Uho carita heula.

Enden Juhro babadug jeung nyebut lain, cek rama kumaha,
bet semu nu nyeri teuing, palangsiang goreng lampah.

Naha maneh ka kamar mawa lalaki, cek putrana tobat, abdi
teu rumaos teuing, abdi sanes kitu dosa.

Tatanggana sugri anu pada nguping, sadaya ngalayad, pada
naros naon geulis, bet nangis kabina-bina.

Enden Juhro nangisna geus rada ririh, henteu mijah pisan,
galantang teras wawarti, geura abdi dek nyarita.

Sayaktosna abdi teh teu meunang alim, kudu ka si Atma, di-keukeuhan kudu kawin, kahoyong Mama Wadana.

Eta kajeun abdi kedah daek kawin, da ku moal suka, abdi nyeri soteh ati, ku ucap Mama Wadana.

Mani laklak dasar nyeuseulna ka abdi, bet asa kacida, jeung neunggeul satengah mati, kudu daek ka si Atma.

Nomer hiji anu pake nyeri ati, mamawa ka mama, pajah bapa sia iblis, aki-aki nu malarat.

Nyatuna ge upama euweuh ti aing, najan indung sia, tunggal matak hese aing, baheulana goreng lampah.

Ger ibuna milu nangis jerat-jerit, lah aing teu suka, make disebut si iblis, jeung disebut goreng lampah.

Jig ayeuna anjeunna sing gancang indit, da geus moal salah, kuring mah teu sudi teuing, make milu dicarekan.

Jeungna deui si Juhro teh anak aing, lain keur si Atma, ka magang anak si Haji, nu sok ngarentenkeun uang.

Magatru

Raden Sastryuda kasuat jung nangtung, jeung nyebat ambu-ambuing, Ki Wadana naha kitu, make mamawa ka aing, geura ke sia diontrog.

Raden Sastra ambekna lir angin puyuh, ngalejeg jeung gadag-gidig, kop lancingan sareng sabuk, diraksukan nganggo topi, caracet ngambay sapotong.

Ditarumpah kawas nu rek angkat jauh, dibendo udengna uit, bendo odoy jiga kusut, tungtung iket kanan-kiri, monyotol kalah ka jendol.

Sikut segut sinjang poleng beureum gincu, dilancingan lepas nyacing, di juru salempay catut, ngower beureum ngahelewir, saputusna anu nganggo.

Gadag-gidig Rahaden sanget nya bendu, salira munggah nga-

gidir, muka wide bari lungsur, ti buruan mulih deui, bedul aya anu poho.

Cing eta dina kakait dudukuy, reujeung sodorkeun cameti, Raden Sastra mindo lungsur, sanggeus angkat rada tebih, garwana seug gera-gero.

Wah anjeunna naha bet ieu dikantun, garwana ngudagkeun isim, titilar ti eyang uyut, dibungkus ku lawon putih, cek Den Sastra heum si begog.

Eujeung itu sodorkeun si Kukuk Beluk, badi nu ti Kang Pattinggi, asana di luhur sekung, kade ulah nyokot duit, bisi aya Babah Lim Hok.

Sangeus lengkep isim-isim ti karuhun, Den Sastra geus angkat deui, alak-ilik ngaler-ngidul, topi bodas semu miring, gugupay nyauran sado.

Sanggem kusir ieu mah juragan rusuh, dek mapagkeun Babah Sun Im, cek Den Sastra heum si bedul, kawas teu sarua duit, ari rusuh mah atuh jor.

Raden Sastra hoyong rusuh burung rusuh, neangan kahar teu manggih, tungtungna angkat ngadungkut, ditopi ngelek cameti, sinjang beureum sopak lodong.

Raden Sastra kocapkeun bae geus cunduk, kana handapeun caringin, dina juru alun-alun, aya sakuloneun bui, gurujag lebet ka kantor.

Lebet kantor kaleresan nuju suwung, ngan aya Den Jurutulis, pilahir tamu nu bendu, mariksa ka Jurutulis, Den Ulis mama dek naros.

Den Wadana henteu nyanyabaan jauh, jawabna Den Jurutulis, bieu rai nembe lungsur, ti dieu mariksa paling, ayeuna mah geus ka jero.

Raden Sastra jung angkat maju ka pungkur, si Minci nepi ka manting, Raden Sastra bubak-babuk, jeung ngulang-ngulang cameti, nyandak batu keur maledog.

Raden Sastra sumpingna ti lawang pungkur, henteu kersa muka topi, cacak lamun teu tigeduk, kana panggantungan kecrik, Raden Wadana kasondong.

Den Wadana anu ti heula cumatur, tah geuning akang sumping, boro kuring dek ka ditu, Den Sastra ngajawab keding, tong nganjang ka nu kokoro.

Iih Akang naha bobol nyaur kitu, teu tata teu pasini, Akang kawas lain sepuh, cobi Akang masing tartib, ieu teh perkara naon.

Ah da enya akang teh pang buru-buru, ku beak teu ngeunah ati, omong budak moal palsu, buktina jeung bari ceurik, matak watir ku si Juhro.

Den Wadana cing ulah nepi ka kitu, naha ngahihina teuing, da akang teu agul-agul, teu rumasa jalma sugih, puguh ge anu koko.

Den Wadana ulah reueus pangkat luhur, make nyebut anak iblis, kapan sabapa-saindung, lamun Akang anak jurig, anjeun anak gandarewo.

Jeung aceukna disebut jalma teu puguh, 'na geus sabaraha kali, ku anjeun kapanggih ngungkluk, asana teh haram teuing, Nyi Wadana meureun jobong.

Den Wadana cengkat nyebut ambu-ambu, na ieu kitu ngimpi, kawas tacan cetuk dawuk, sagala henteu dipikir, ngawaro omongan kosong.

Geura kieu ku Akang masing kadangu, awit si Juhro satadi, upama manehna purun, dek disina laki-rabi, ka si Atma kuring cocog.

Pek ditanya ku kuring nyebutkeun purun, malah hareupeun Kang Haji, magar daek dipihukum, tah kitu sanggupna tadi, tetela omong si Juhro.

Akhir-akhir sanggeus deukeut kana waktu, si Juhro teh make nampik, ka si Atma henteu purun, si Juhro nu lanca-linci, estu ngawiwirang kolot.

Cek Den Sastra sok kajeun sanajan kitu, balikanan lamun jadi, memang oge teu panuju, ka si Atma anak Haji, Haji boga el-mu kotor.

Cek Wadana ambu Akang ulah kitu, cek Den Sastra da geus bukti, rea jalma anu nyebut, lalampahan eta Haji, mindeng ka Gunung Koromong.

Ah ieu mah kolot teh kawas nu gejul, Den Sastra lajeng singkil, ngagesahkeun isim duhung, Nyi Wadana jerat-jerit, ieuuh kawas lain kolot.

Den Wadana ku istrina digugulung, cing anjeun masing eling, cek Wadana hempot atuh, Den Sastra geus hemar-hemir, neangan jalan ngaleos.

Den Wadana susumbar jor sia bedul, aing teh teu sudi teuing, ka nu kitu ngaku dulur, tembalna paduli teuing, tapi jongjon bari noyod.

Putus perang kira tabuh tujuh langkung, Den Sastra bade muilih, tapi poek sakalangkung, uyup-ayap kana topi, coba euy ngarinjeum cempor.

Tingcikikik rencang nu aya di dapur, meujeuhna teuing teu isin, teu era tas perang pupuh, dek balik leungiteun topi, rapeng anu mawa cempor.

Jeung ngalahir ka jalma anu di dapur, cing Agus kapalang teuing, da ieu topi geus timu, jajapkeun bae sakali, ke balik dibere jagong.

Nya dianteur harita ku Bapa Saun, reh poek buta rajin, saja-jalan ngagelendut, sasauran hal kapusing, kadua nu mawa cempor.

Asmarandana

Di jalan teu kocap lami, nu diiring jeung nu jajap, kocapkeun geus nepi bae, kinten satengah salapan, sasumping ka bumina, ku garwa diburu-buru, didadar ditaros pasal.

Pilahirna keding hangit, naha bet waka tatanya, kapan nya-

ho cape keneh, ieu anggur jurung mulang, nu jajap mawa damar,
akang teh mawa Ki Saun, jangji baris diburuhan.

Bere jagong nu gararing, jeung kalapa dua sirah, tambahan
duit lima sen, anu jajap enggeus mulang, lajeng Den Sastra tuang,
bari tuang ngagelendut, nyaritakeun padu meunang.

Cek istrina puas teuing, da atuh najan Wadana, bubuhan an-
jeun mah kolot, sageuy mun eleh bicara, jeung berkah cecekelan,
karamat si Kukuk Beluk, watekna ngelehkeun menak.

Cing anjeun kumaha deui, naha henteu disurilam, biwir nu
nyebut dayang teh, cek Den Sastra taya daya, Wadana estu
payah, kawas bueuk meunang mabuk, ngadadak jadi kasima.

Garwa beak bingah galih, nyaaur rencang ngaran Salpah, geu-
wat Salpah pais polo, sageuy temen tacan asak, Salpah mawa pai-
san, Den Sastra munggah ngalinggut, tuang bari cacarita.

Jeung maneh teh poma teuing, ulah dek ka kawaðanan,
akang mah geus cadu bae, Wadana ge totolakan, pokna semet
ayeuna, ka akang teu dek midulur, cek istrina nuhun pisan.

Garwa ngareret ka gigir, pok ngalahir ka putrana, tah Juhro
masing kadenge, maneh sing prihatin pisan, cing maneh mug-
muga, mun meunangkeun bangsa luhur, kami mah dek bebeakan.

Dibelaan meuncit munding, karia saaya-aya, hajat bari nang-
gap golek, Den Sastra pok sasauran, maneh mah da sok salah,
mending oge make nayub, ambeh henteu diburuhan.

Sigeug anu gunem warti, nu tuang geus dipupulan, geus wengi
karulem bae, malikan deui carita, Wadana nyieun surat, Den Haji
Anwar disaur, dek nyarios hal Den Atma.

Teu kocap surat ditulis, kocap Raden Haji Anwar, gancang
geus ngadeuheus bae, galantang Raden Wadana, milahir hal Den
Atma, ka Nyi Juhro henteu tulus, si Juhro nu kurang ajar.

Tadina teu nyebut alim, bet naha ari ayeuna, merong kana
beungeut kolot, malah mah kamari pisan, si Juhro dicarekan, sar-
ta geus beres ditundung, diserenkeun ka bapana.

Cing ayeuna ku Kang Haji, carioskeun ka Ki Atma, rai mah teu kiat ngomong, beak watir ka Ki Atma, tapina montong mang-mang, masing sabar-sabar nunggu, Atma sing kabul paneja.

Harita oge teu lami, Raden Atma ngadeuheusan, ramana ngandika alon, he Atma geus kadar awak, perkara pakarepan, ayeuna teu bisa kabul, kitu-kitu sajarahna.

Tapi montong leutik ati, kumawula ka juragan, masing tetep-tetep bae, sugar bae aya kadar, teu batan anu sabar, ulah berewit nguluwut, sumawon mun goreng niat.

Den Atma ngawalon aris, beu abdi teu pisan-pisan, tebih kana awon hate, henteu era-era acan, memang kersa juragan, naha bet diadu-adu, ka nu henteu munasabah.

Abdi oge enggeus nguping, kamari teh pacekcokan, ku lalakon Enden Uho, reh ngalawan ka ramana, henteu tumut sakarsa, abdi mah mung ukur nuhun, tadi ge taya tangguhan.

Cek Den Haji sukur teuing, upama maneh sabar mah, bener kudu kitu bae, lamun kitu anak ama, tangtu jadi jelema, hal itu beunang kukumpul, da lain beunang nganjukan.

Utama keur jaga deui, sugar maneh aya kadar, diparengkeun aya jodo, sarta sugar katambahan, ku ama 'mo diruksak, ayeuna mah pek ka ditu, ulah unggut kalinduan.

Den Atma geus indit deui, barang gawe sabiasa, motokor nulis di kantor, henteu gedir pipikiran, janglar tolegar pisan, boga watek dasar alus, jalma bageur pipikiran.

Den Wadana bijil deui, tadi nytingkur kana kamar, baning ku banget hawatos, tina nyaah ka Den Atma, jeung semu dumareuda, ngenes ku dua ku tilu, nu tumiba ka salira.

Sigeug Den Haji geus pamit, ka Wadana geus unjukan, kala-wan jeung budi aneh, andum salam sasalaman, pendekna Raden Atma, ka Neng Juhro henteu tulus, tacan dugi kana kadar.

Kocap tekad Enot tadi, upama Den Atma cupar, geus pasini jeung Neng Juhro, gancang kudu ngadeuheusan, ka Den Jurutulis kota, maksud Enot poe isuk, dek lapor Den Atma gagal.

Beurang kaganti ku penting, Enot mikir paakalan, kuma sangkan bisa mios, dijurungkeun ku dunungan, bisa indit ka kota, gancangna bae geus isuk, si Enot geus nimu akal.

Pareng di jero lomari, saantero wawadahan, ditoong porong-pong kosong, tuluy si Enot unjukan, yen seueur nya kakirang, taya gula taya susu, taya minyak-minyak acan.

Timbalan Juragan Istri, cing atuh geuwat balanja, heug beja poe pageto, baris kasumpingan semah, pirang-pirang Walanda, Asisten jeung Kuntuluir, pelesir di poe Ahad.

Atuh Enot suka ati, gancang dangdan sabiasa, dipayung ngelekk boboko, dangdan anu .beres pisan, leuwih tina biasa, ganti samping ganti baju, niat ngadeuheus ka menak.

Mawa duit tilu ringgit, Enot geus jeung gagancangan, di jalan teu kacarios, geus datang ka jero kota, tacan waka balanjä, pikir Enot bisi ridu, ngadeuheus ka bumi menak.

Di warung geus nunda said, mihape ka tukang jagal, sakalian titip botol, pokna ka nu dititipan, kuring dek nyelang heula, nyokot barang ka minantu, sepre sareng sarung bantal.

Tidinya si Enot indit, maksudna neangan Usman, reh jangji megat di toko, bener pisan henteu salah, si Usman geus kasampak, Usman Enot sami tuluy, ka bumi Den Juruserat.

Barang sup Enot ka bumi, Jurutulis bingah manah, ngalahir tah geuning Enot, kumaha pasal si Atma, jadi atawa gagal, sanggem Enot engke atuh, tacan diuk-diuk acan.

Tah ka dinya deukeut kelir, cing Usman amparkeun samak, sanggem Enot engkeun bae, cing Enot atuh kumaha, hempok geura carita, kami mani kesel nunggu, ngadagoan maneh datang.

Si Enot ngajawab manis, lah montong panjang carita, cekeng ge tau diberes, ayeuna mah mangga teang, ka tempat bumi rama, margi Enden geus ditundung, geus mulih ti kawadanan.

Ka si Atma teu ngajadi, mana kudu sing percaya, kana ucapan si Enot, malah mah ayeuna pisan, gamparan sae angkat, rai meureun nunggu-nunggu, kamari ge sasauran.

Sanggemna lamun teu jadi, kawas dek nelasan raga, manan hirup suka maot, tah kitu ucapanana, Jurutulis kahaturan, lucu Enot-Enot lucu, bari nyaur ka si Usman.

Sinom

Cig Usman ieu bon bawa, menta samping ka Madtohir, anu harga lima perak, eujeung tilu elo encit, bejakeun ka Madtohir, tulis bae dina buku, gancang si Usman iang, kaleresan Ki Madtohir, nuju aya pareng henteu ka mamana.

Golosor samping tilepan, sareng tilu elo encit, dipasrahkeun ka si Usman, si Usman gancangna balik, barang datang ka bumi, Enot imut ngagelenyu, samping jeung encit tea, dipasrahkeun ku Jurutulis, ka si Enot buruhan bisa ngagoda.

Panjang-panjang caritana, Enot sanggeus meunang samping, ngabubusuk ka Den Atma, jeung muji ka Jurutulis, seueur tambaha deui, dibeberes disesemu, pajah Neng Uho tea, sanggeus dipasih-an duit, ku gamparan munggah henteu ngeunah tuang.

Atuh Jurutulis kacida, mingkin henteu raos cicing, koper-koper diungkaban, nyandak sinjang sawit-sawit, jeung potret-potret istri, dina koper geus patumpuk, duka meunang mentaan, ti sobat ti para wargi, ditembongkeun sadaya ka Enot tea.

Cek Enot sok nyiar-nyiar, nyiar pibendueun rai, geura lamun kauninga, ieu potret teh ku rai, dusun lamun teu nangis, terkadang kabeh diduruk, sumawon Enden pisan, sanajan abdi pribadi, milu ijid ka pameget nu rayungan.

Jurutulis tambah mijah, rehing ku Enot dipuji, ngaluarkeun serat-serat, kabeh disebat ti istri, si Enot semu ijid, balieur murukusunu, jeung nyebutkeun hag siah, abdi nu bade istori, di-bejakeun jagan seueur kabogohna.

Cek Jurutulis alah omat, Enot ulah ipis biwir, keun ku kami ieu surat, sumawonna potret istri, kabeh baris dibasmi, bangkarak arek diduruk, cek Enot tah mupakat, ulah nyieun panas ati, ayeuna mah anggur enggal geura angkat.

Cek Jurutulis cing kumaha, entong ngirim heula tulis, ka ibuna ka ramana, cek Enot lah montong teuing, tidinya Enot pamit, abdi mah sumeja wangsul, abdi teh da balanja, tur parantos lami teuing, mana temen ibu ka abdi nyeuseulna.

Harita Enot geus mulang, tidinya Jurutulis mikir, niat di poe isukan, manehanana rek indit, tapi tacan sayagi, reh nembe dek nganjang wungkul, minangka wawawuhan, ngadeuheus bari pelesir, pura-pura ngilari galeuheun kuda.

Sigeug samangsa harita, beurang kaganti ku peuting, kaleresan aya upas, ka bumi Den Jurutulis, mawa timbalan gasik, gamparan enggal disaur, harita ngadeuheusan, dunungan pinuju linggih, masamoan dina kantor kawadanan.

Timbalan Raden Wadana, coba buru-buru Ulis, ieuh di poe isukan, isuk-isuk kudu indit, nyaba ka Kalimanggis, ngiring Tuan Kuntuliur, sabab ari akang mah, dek ngiring Kangjeng Bupati, ngabuktikeun kajadian anu cacar.

Jurutulis bingah kacida, eukeur hoyong ti tatadi, ngarep-ngarep aya jalan, pelesir ka Kalimanggis, enggal Jurutulis indit, ti dunungan tigas dawuh, geus nepi ka mangsana, nya eta di dinten enjing, isuk-isuk Jurutulis geus rikat dangdan.

Mangsa jam tabuh dalapan, gurudug Tuan Kontrolir, teu lami enggal nimbalan ka Rahaden Jurutulis, margi enggeus tingali, harita Wadana suwung, jung jengkar katut Tuan, ngabujeng ka Kalimanggis, karsa Tuan baris nganslah pajeg kasab.

Mung tuan mah lalajengan, ngaronda ka sanes distrik, harita ge sanggeus nganslah, Tuan Kontrolir teu lami, ti dinya jengkar deui, nganslah di desa Dawagung, sajungna tuan angkat, Jurutulis katut pangiring, lajeng angkat ngadeuheus ka Raden Sastra.

Hiji rencang nu ti heula, nya eta pangkat pulisi, ti golodog pupuntenan, Raden Sastra kaget galih, dek naon Ki Kulisi, jawabna sumuhun dawuh, abdi teh ngiring putra, ti kota Gan Jurutulis, pilahirna calik di mana ayeuna.

Teu lami Den Juruserat, kurutak jeung budi manis, Raden

Sastra gepyak pisan, mangga Aden Ulis calik, asa rareuwas teuing, cing Agan ieu ka payun, Jurutulis sasalaman, biasa tata utami, salajengna Raden Sastra papariksa.

Juragan mulih ti mana, dijawab ku Jurutulis, sumuhun **abdi** tas nganslah, tas ngiring Tuan Kontrolir, bieu nanging teu lami, teras ka desa Dawagung, abdi mah sakalian, teterasan bari ulin, sakalian bari milarian kuda.

Cek Den Sastra nuhun pisan, ngan ieu ku alalajrih, kawantos atuh mama mah, imah-imah aki-aki, ngan batি ararisin, Raden **Sastr**a lajeng nyaur, nyauran ka garwana, cing ka dieu ieuh **Nyai**, sarta bawa ka dieu wadah sesepan.

Jol garwana muka lawang, barang ret jeung nyebat iih, **kutan** teh bet aya saha, ditembal ku raka gasik, ieu Den Jurutulis, mentas jajap Kuntuliu, hoyong sindang ka urang, cek istrina **isin** teuing, jeung pakepuk ka Neng Uho gegeroan.

Lajeng Neng Uho pepeta, tina kenap nyandak peti, peti surtu weuteuhan, bari mukaan lomari, nyandakan amis-amis, kueh-kueh nu aralus, dipasang dibakian, sanggeusing beres sayogi, disanggakeun ka payun ku ngaran Altam.

Den Sastra ngamangga-mangga, jeung bari mariksa leutik, lain mamah mah rareuwas, kasumpingan menak tebih, naon nu dipigalih, kulir atawana perlu, Jurutulis pok unjukan, yaktosna mah jisim abdi, kamari teh tepang sareng tuang putra.

Di toko nuju balanja, diiring ku rencang istri, pareng abdi hayang nanya, rencangna nyarios sidik, yen putra nu sayakti, sanggemna nuju dadahut, babahan dek rendengan, putra menak nu utami, Enden Juhro nya pajah putra gamparan.

Jadi ku perkawis eta, yaktosna mah jisim abdi, seja naros ka gamparan, waktosna anu dipasti, sabraha dinten deui, ngangkatna di Margawindu, supados abdi terang, malar ngiring bingah ati, kilangbara dumeudeul ngiring hajat mah.

Raden Sastra kahaturan, ngagikgik gumujeng leutik, puguh oge enya eta, mama teh keur mikir-mikir, ari ras ku pun abdi, Den Wadana Margawindu, ku henteu jeung peryoga, pun anak dek sina kawin, ka si Atma magang dapur sasat bujang.

Lantaran budak dipaksa, ka si Atma kudu jadi, tayoh boga

pikir era, atuh pun anak jejebris, tina bakat ku ijid, pun anak dugi ka kabur, kaluar ti Wadana, ka mama dongkapna ceurik, jeung carita yen kitu-kitu sababna.

Atuh mama teh ngahelas, nguping pun anak wawarti, sarta Wadana nyarekan, ka mama sarta ka bibi, mama teh nyeri ati, henteu bisa nahan napsu, tuluy ka kawadanan, hayang mulangkeun kanyeri, nya teu wudu mama kungsi silih sapa.

Pendekna pun anak gagal, ka si Atma henteu jadi, reh pun **anak** anu maksi, ti Wadana menta balik, keun bae kuma' milik, deukeut bulan jauh taun, sugar aya jodona, nu cocogeun kana ati, ayeuna mah utama aya di bapa.

Jurutulis semu rumenjag, bari nyebat ah mustahil, nepak dada bobodoan, heum naha kaduhung teuing, ayeuna enggeus mulih, diwalon atuh sumuhun, bari reret ka tukang, celak-celuk Nyua-Nyai, Enden Uho ti jero misanggemkeun kah.

Cing ka dieu tempong heula, lajeng Enden Uho bijil, cälük emok luhur dipan, lajeng Jurutulis ngalahir, Enden bet asa ngimpi, engkang mah munggah ngaranjug, bieu timbalan rama, baruk Enden teh teu jadi, boro engkang ngadeuheus seja nyambungan.

Gan Uho imut ngadilak, gumujeng lebeting galih, pok unjukan leleb pisan, kinten sanes takdir abdi, rama jeung rarak-ririk, ningal ka dieu-ka ditu, bendo kabaheulaan, semu odoj wantu nyudir, bari nyaaur tah geuning kitu sababna.

Dangdanggula

Cek Jurutulis beu hanjakal teuing, naha Enden watir tetemanan, Ki Magang meureun olahok, terkadang geus kukumpul, saur Enden yaktos sayagi, malah geus uar-uar, serat ngaler-ngidul, na kumaha ari cua, sinarengan asa apes-apes teuing, bet jadi bojo magang.

Raden Sastra ngojengkang ka bumi, arek nyandak saputangan madras, wantu pileg harita teh, sabot rama ka pungkur, Den Jurutulis pok nyaaur alit, Gan Uho ditimbalan, naratas ku saur, ngajalanan ka ramana, da anjeunna henteu kawerat ku isin, arek ngamimitian.

Sanggeus Raden Sastra calik deui, pok Gan Uho ngunjukkeun raratan, ngadadar pasar bareto, disebat kitu-kitu, pamaksudan Den Jurutulis, waktos tepang di pasar, tah ku margi kitu, yaktosna Kang Juruserat, anu mawi rurumpaheun kersa calik, maksadna rek unjukan.

Cek Den Sastra naha atuh geuning, bet ngadamel basa jeung siloka, kolot mah bati olahok, mun nyana aya maksud, na keur naon ku sindir-sampir, naha anjeun teh enya, kitu nu dimaksud, ngajawab Den Juruserat, sewu agung nyanggakeun duduka galih, mugi teu jadi manah.

Sayaktosna henteu lepat deui, purwa abdi dongkap ngadeuheusan, tina jalan kenging wartos, yen putra henteu tulus, ditikahna ku magang gajlig, lajengna perunjukan, madak mama sapuk, kalayan jinisna suka, mugi mama kerera maparin widi, tah kitu sayaktosna.

Cek Den Sastra coba itu Nyai, buru-buru ibu haturanan, bet cicing bae di jero, Neng Juhro tuluy asup, henteu lami ibuna sumping, galantang pamegetna, ka rai ngadawuh, euy ieuh bet jadi panjang, Ki Ulis teh geuning hoyong ka si Nyai, ciing coba kumaha.

Cek ibuna ari menggah bibi, amung nuhun bae anu aya, da memang papada lengoh, ngan lamun ka nu ridu, bibi hamo tiasa ngiring, ngan duka mun jinisna, nahe kinten purun, ramana enggal ngajawab hih maneh mah, geus montong ditanya deui, tilik bae budina.

Kami nanggung hamo enya nampik, memang ieu nomer hiji pangkat, kadua ngaduda keneh, cek raina teu umum, utamina sing enal yakin, cek raka pek kadinya, heg ku maneh saur, ibuna tibuburanjat, taya tata gera-gero Nyua-nyai, baning ku kaatohan.

Sup ibuna lumebet ka bumi, Enden Uho di bumi teu aya, sihoreng aya di pawon, keur masak-masak sangu, tinggelendut jeung Nyi Marsiti, rencang lebet tatangga, teu lami jol ibu, timbalan ibu ka putra, ieu Uho cing ka ditu maneh gasik, deuheusan itu mama.

Cing Marsiti itu si Intasim, pangrungkupkeun balong nu di wetan, ngala gurame nu gede, sing meunang dua tilu, eujeung hayam anak nu Rintit, ayeuna geuwat-geuwat, peuncit ka si Mansur, atuh harita ngadadak, ribut olah puas-pais puncat-peuncit, masak pohara pisan.

Enden Uho harita jung indit, barang dek jung ibu sasauran, cing eta bet jiga mehong, Neng Uho sasat-susut, ku raksukan saider pipi, rambutna disampuray, nu ngambay ka payun, disiklak-siklak ka tukang, saberesna Enden Uho lajeng indit, ngadeuheus ka ramana.

Ibuna geus henteu ngeunah cicing, tina sieun Enden Uho mungpang, nepi ka nogelna noong, malar nu gunem catur, saucap-na papada jinis, kadangu jeung katingal, mana nu teu panduk, ibu munggah kekerotan, tina keuheul mana nu terus jeung galis, semu nu suka pisan.

Enden Uho teu kaleked deui, dipariksa ku rama teu bangga, memang geus asak di toko, pendekna Enden purun, ibuna seug disaur deui, gancangna geus ka luar puguh ge teu jauh, galantang rama mopoyan, tuh da enya si Uho teu hese deui, memang puruneun pisan.

Balik mama naros ka Ki Ulis, dek iraha anu dipikarsa, Jurutulis pok ngawalon, manawi minggu payun, saur rama sumangga ngiring, Jurutulis mindo jawab, meureun abdi isuk, dek ngahaja ngajurungan, hiji jalma anu kaetang utami, ngabantun pikeun hatjat.

Sabot Raden badami pasini, Jagan Istri megatkeun kalimah, cing anjeun ngalih ka jero, itu bet dangdan sangu, Juhro henteu boga kaisin, kawas aya rencangna, mangga Agan atuh, lajeng ti payun bubaran, sadayana ibu-rama sami ngalih, dek tuang berjamaah.

Barang srog teh rama pok ngalahir, ka putrana semu pura-pura, beu Uho atuh jeung naon, keun bae meureun ma'lum, Enden Uho nytingkir ka sisi, mando semu nu era, Rahaden misaur, cobi Enden mangga tuang, cek ibuna Uho itu cek Kang Ulis, naon dawuhanana.

Enden Uho ukur kunyem leutik, nyebat mangga ampir teu katara, jeung bari ngocel serebet, tapina henteu tumut, kana tuang lantaran isin, Kang Rama jongjon nguah, putra ngadu imut, ibuna mah ngajauhan, ngupat semah di dapur jeung si Marsiti, muji hal ku kasepna.

Tingharewos katut si Mursiti, cing kumaha jeung rupa si Atma, si Mursiti munggah jebeng, kawas ngan ukur suku, Den Atma mah meh siga Alpin, tukang ngala kalapa, urang Situbatu, tuang ibu kahaturan euleuh heueuh, naha sia telik teuing, tetela enya pi-san.

Talung Atma anu jangkung leutik, hideung oge eta mah uyah-an, galegeh sareseh aneh, wedalan maha wiku, baheulana keur jadi murid, sakola jeung pun anak, alam Ki Kondektur, gamparan tangtos uninga, aeh heueuh nu bareng jeung Ki Ismail, alias Wita tea.

His eta mah atuh puguh teuing, Atma oge lain Atma gagal, da puguh geus cekel gawe, bareto kami tepung, mun teu salah di Ciwaringin, bet ampir teu ditanya, pedah jadi jangkung, jeung asa ku pangling pisan, ayeuna mah Ki Atma geus bijil kumis, alam di Panaragan.

Nu taruang satengah jam leuwih, da diselang bari sasauran, Den Sastra anu tataros, naros ka bakal mantu, mapay-mapay mariksa kawit, sang mantu ngawalonan, abdi urang jauh, ti pakuwon Sindangrasa, bawah kota nagara Mandalawangi, turunan Rangga Wangsa.

Henteu lami nu tuang barampih, ibu-putra sami pada rikat, Mursiti nu entep-entep, ngalih deui ka payun, sarta lajeng caralik deui, Kulisi keur andekak, disaur ka pungkur, sarta tuluy disuguh-an, Ki Kulisi dahar munggah empah-empih, ponyo kabina-bina.

Jurutulis geus pamitan mulih, memeh angkat cupu-capa heula, Raden jepret muka loket, nyandak artos sapuluh, sarta bari nyalingker nyisi, ngagupay lalaunan ka Enden nu ampuh, Gan Uho geus ngadeukeutan, jeung nampanan ku Raden dileler duit, uang kertas salambar.

Raden lungsur kadua Kulisi, Raden Sastra mindo sasauran, Raden mama seja naros, perkawis dinten isuk, saha tea nu bade sumping, jeung tabuh sabaraha, mama neda tangtu, cek Jurutulis panginten mah, mun teu lepat tabuh dua belas leuwih, atawa pasisang.

Kinanti

Tidinya Jurutulis lungsur, di jalan teu kocap lami, sarta jeung Kulisi misah, Jurutulis pon geus sumping, cacarios ka dunungan, hal ihwal Tuan Kontrolir.

Kocap dina poe isuk, Jurutulis geus sayagi, pepeta babahan nikah, ngumpulkeun rupaning duit, ngajurung hiji jelema, anu katimbang binangkit.

Ngintun artos dua ratus, keur waragad hajat kawin, mung teu nganggo papakean, tina kaetang utami, utusan harita iang, saindit nu mawa duit.

Jurutulis pok cacatur, ka sadaya ahli-ahli, sumawonna ka dunungan, harita unjuk tingali, atuh Juragan Wadana, bingahna kawanti-wanti.

Sarta harita ngadawuh, atuh sukur Jurutulis, ari dek boga bojo mah, memang nu jadi peryayi, kudu boga pamajikan, galib nu boga bisluit.

Iraha anu dimaksud, pisanggemna Jurutulis, manawi taya waelan, hanamung saminggu deui, mung pun bapa jeung pun biang, tina ku jalaran tebih.

Ku abdi moal dilungsur, cek Wadana montong teuing, keun bae da aya engkang, aceuk ge 'mo burung indit, karunya urang ka sepah, katimbang ku sabab tebih.

Sigeug anu geus cacatur, kocap jurungan geus tepi, atuh aratoheun pisan, Raden Sastra jaler-istri, harita oge ngadadak, di bumi munggah pabuis.

Surat mah geus ngaler-ngidul, ngawartosan wargi-wargi,

amung ka saderek tea, Wadana teu ngirim tulis, tina masih ngandung manah, Wadana pon kitu deui.

Den Wadana Margawindu, ukur meunang kabar angin, pura-pura, uninga, sanajan mun nampi tulis, geus diajam moal lenggah, tina panteg pada ijid.

Den Sastra kajurung napsu, ku hayang muaskeun ati, ngadidak ger jujualan, sawah kuda talun awi, bakat hate hoyong puas, tambah kaasur ku istri.

Dihina ti Margawindu, tadi ge geus ati-ati, lamun aing minantuan, ku hayang muaskeun pikir, kajeun potol bebeakan, baris nayub dua peuting.

Gancang geus cunduk ka dawuh, kocap Raden Jurutulis, burubul aleutanana, di Raden Sastra sayagi, dapur-dapur balandoangan, motong domba katut munding.

Wadana dunungan cunduk, sarawuh Juragan Istri, katut s丈recang-rencangna, di bumi geus heurin usik, Raden Wadana mariska, tumaros ka peribumi.

Kang Mama ti Margawindu, henteu ningal tuang rai, Raden Sastra ngawalonan, dupi perkawis pun adi, tomada 'mo yasa dongkap, aya pamengan nu penting.

Cariosna dinten isuk, dek sumping Kangjeng Bupati, duka dek naon kersana, da sarawuh dalem istri, anu mawi sadayana, pun adi teu yasa indit.

Saurna duka mun kitu, nya tunggal da aya rai, rai teh nu sayaktosna, ngadidak kengingna warti, estu henteu ti anggalna, yen dek nikah Jurutulis.

Walon Den Sastra sumuhun, dalah pun akang pribadi, henteu terang ti awalna taya maksad ti tatadi, estuning ngadidak pisan, tempo saminggu teu leuwih.

Saurna uyuhan estu, bet ieu bisa sayagi, nyieun dapur balandoangan, anu sakieu utami, walon Den Sastra bubuhan, tina seueur sanak wargi.

Sabot Den Sastra cacatur, burubul seueur nu sumping, jeung aleutan tatabeuhan, pelog kendang katut beri, goong gede dirodaan, reog angklung katut buncis.

Teu panjang anu cacatur, harita tambah pabuis, nu natakeun tatabeuhan, jeung nu ngatur ka masigit, Enden Uho didangdanan, sarawuh Den Jurutulis.

Mung Raden aya panuhun, dina waktu ka masigit, ulah dek diarak-arak, tayohna rea kaisin, kawas rada sereg liwat, reh royal langkung ti misti.

Nu jengkar ka masjid geus jung, nyeungeut bedil dua kali, ger gamelan sadayana, lisung angklung sami muni, Rahaden nung-gangan kahar, pirang-pirang anu ngiring.

Istrina oge pon tumut, diabring ku nu ngariring, reh gaduh tekad mapanas, hoyong nganggo jalan muntir, liwat Margawindu tea, pernahna kiduleun nagri.

Nu jajap mangpuluh-puluh, katut wali henteu kari, ngaleut ngeungkeuy tunggang kahar, kudana patarik-tarik, geus sumping ka jero kota, sami lebet ka masigit.

Teu lami linggih di kaum, nu nikah beres lastari, saparantos dirapalan, sadaya sami arindit, rantab sakahar-kaharna, campur sareng para istri.

Kahoyong mertua ngidul, kusir teu dibere harti dek kebat jalanan biasa, atuh sepuh teh gegejlig, sosoak ti luhur kahar, na' sia euweuh geibir.

Cek aing ge tadi ngidul, reg eureun sadaya kusir, Raden Sastra cilingcingcat, pepeta jeung topi miring, jeung teu weleh sua-sia, kusir pating carikikik.

Pada nyanggem naha empuh, atuh henteu ti tatadi, ma'lum omong kusir kahar, hareureuy pating cirihil, cek sawareh na'motoha, prohrama teh kusut teuing.

Atuh kabeh pada mundur, Ki Sepuh geus nangkel deui, tung-gangna kahar ti tukang, nyekel tihang tenda tarik, kekereket rada lewang, jeung keukeuh bae ngcecwis.

Engke lebah Margawindu, kusir ulah tarik teuing, liwat ka deukeut paseban, muter ka gigireun bui, cek kusir unjuk sumangga, tapi ngawurukna kusir.

Lain kusir nu ti payun, nu kudu dibere harti, rehing tunggangna di tengah, nu payun mah henteu nguping, yen kitu atura-nana, atuh bakal kusut deui.

Geus caket ka Margawindu, kusir nu payun teu nguping, yen kudu liwat paseban, atuh kebat jalan gigir, Den Sastra mindo so-soak, kahar teh beuki pabuis.

Nu ngagugu aya tilu, sambungan anu pandeuri, nu dieusi panganten mah, merengpeng jalan ka sisi, tungtungna mah paburisat, sado teh beuki teu uni.

Nu puguh Den Sastra wungkul, ucang-aceng kahar hiji, tunggangna bari amarah, sosoak ngababi-babi, gugupay geus ngaler-getan, aleutan jadi teu uni.

Satulunya jadi kusut, aleutan beuki teu uni, campur jeung sambarang kahar, tingsarelap hiji-hiji, ribut nu mulang ti pasar, Den Sastra beuki pandeuri.

Ngiringkeun nu narik suluh, nu rea mah geus geu uni, bet duka hiji-hijina, sawareh mah nu geus nepi, Den Sastra ngaleut jeung babah, ngeungkeuy ngiring roda encit.

Gamelan mah geus gangginggung, panganten geus sami sumping, Den Sastra can lapat-lapat, kahar datang nungtut culcil, horeng teh henteu kapalang, nyelang ngagaleuh barendi.

Panganten geus buka pintu, Den Sastra can ngimpi-ngimpi, tacan aya rentang-rentang, ma'lum di toko ge lami, da diselang balanja, inuman jeung kartu leutik.

Panganten geus sami lungguh, kurutak Den Sastra sumping, breng gamelan disarada, bajiro patarik-tarik, horeng nu mulih balanja, dikira semah nu tebih.

Asmarandana

Reh pribumi enggeus sumping, ambengan enggeus ngabarak, mung kantun ngadoea bae, ondangan geus sami hempak, di jero jeung di luar, galantang Den Sastra nyaaur, ngikralkeun maksadna hajat.

Heh sadaya para wargi, nu sami geus pada lenggah, ieu mak-sad sim kuring teh, pang sami dihaturanan, neda karna Allah-na, sarta pinten-pinten nuhun, lan puji alhamdulillah.

Anu jadi nomer hiji, nya eta hajat lumayan, nyalametkeun nu panganten, pun anak nu anyar nikah, diteda berekahna, karamat para karuhun, neda berkah sapaatna.

Geura mangga Kang Kiai, ieu neda didoaan, jeung sogri nu anom-anom, ke sonten tabuh dalapan, tong kungsi disusulan, su-gan hoyong gembrang-gembrung, urang gocekan lumayan.

Geura aya anu penting, kolear kacikeruhan, sugaran hoyong polos Tomo, sadaya sami nyakakak, lah aya sepuh edas, emut keneh ka nu kitu, abong tilas pamadatan.

Ger tuang jeung bingah galih, ondangan sapirang-pirang, pi-nuh nepi kana emper, teu lami hajat lekasan, sadaya sami mulang, anu ngaler anu ngidul, mulih sabumi-bumina.

Mung dunungan henteu mulih, nya eta Wadana kota, kawas dek dugi ka sore, leleson di balandongan, meakan lagu anyar, renggong sorogan Panjalu, wiletan kacirebonan.

Beurang kaganti ku peuting, kirā tabuh genep liwat, di balandongan geus rame, marakba^k lampu-lampuna, ondangan geus dara-tang, tatabeuhan geus ngaguruh, nu dagang ka lawang-lawang.

Kocap sanggeus rada peuting, panganten geus dibaksaan, Den Sastra geus ejegeler, lelewa kawas nu ngora, hoyong geura ngalaga, panganten pada ngalingkung, heurin ku anu mairan.

Nu senggak patarik-tarik, panganten tambah mijahna, teu we-

leh bari kumasep, ngigelna meh aya jamna, malah mah geureuhana, semu geus murukusunu, tina ngibing kalamian.

Tamu Wadana teh surti, Raden Sastra dibaksaan, mung soder dikapas-kepes, pura-pura nu geus tara, padahal saenyana, sampean asa ngajungjung, tangan asa roroesan.

Henteu dua tilu kali, teu bangga ngeukeuhbanana, Raden bol telenden bae, ngibingna kabaheulaan, jiga dek nyintreuk budak, soder meber rengkak ampul, kawas jeruk walungan.

Ger rame nu suka seuri, rea anu pipingkelan, ningal bendona ngayojod, sinjang kebat tilep rubak, kancing munggah barang, leungeun kameja melendung, poloi dina pigeulang.

Sanggeusna Den Sastra ngibing, ditema ku Den Wadana, tuluy ka handap marele, taya hiji nu kaliwat, tatas nepi ka beurang, loba anu tinglalenggut, campur jeung nu mabok arak.

Tina kasiangan teuing, nu nayub gancang lekasen, enggalna marulih bae, kitu deui Den Wadana, harita geus pamitan, Den Sastra miunjuk nuhun, reh geus kersa ngaluuhan.

Sarta salianna deui, saniskara tatabeuhan, sadaya geus sami peren, mulangkeun injem-injemuan, lampu korsi jeung meja, balandongan geus gugulung, karia enggeus lekasen.

Gan Juhro jeung Jurutulis, suka senang pangantenan, sanggeus kenging lima poe, Jurutulis teh pamitan, seja mulih ka kota garwana arek dibantun, ari walonna mertua.

Nya atuh sukur teh teuing, memang geus jadi wajibna, geus jadi papait Raden, kolot mah ngan kari bangsa, iraha nu diseja, cek Jurutulis dinten isuk, nyuhunkeun berekah mama.

Isukna panganten indit, teu kocap usuk-esekna, reh panjang teing lalakon, kocap geus ngalih ka kota, laksana sapaneja, Neng Juhro putus nya maksud, asa geus jadi jelema.

Jeung beak dibeuli-beuli, Neng Juhro taya kasusah, kahoyong kalakon kabeh, meuli suweng meuli geulang, ma'lum aya di kota, teu nyaho gagade hulu, beuki lila beuki royal.

Pira pangkat Jurutulis, tur royal kabina-bina, pelesiran saban sore, Enden Juhro boga tekad, hoyong tepang jeung Atma, dek nembongkeun aing agung, balik mun jadi ka Atma.

Meneran kempelan nagri, Raden Atma teh dicandak, ku Wadana kangge gandek, biasa adat Den Atma, perwatek leuleus awak, pasosonten tabuh tilu, Atma piwarang ka pasar.

Ngengkenkeun tambang kadali, bari ngarawatan sela, dumakan bae amprok, jeung Raden Natasuanda, Jurutulis kota tea, sarimbit bareng sapayung, ngarendeng jeung Uho tea.

Bakat Enden Juhro ijid, make noel ka rakana, tuh geuning Engkang Atma teh, tah geuning nu ngelek sela, pilahir carogena, coba atuh buru-buru, urang pecak-pecah tanya.

Pilahir Den Jurutulis, coba euy ngilikan sela, sela saha hah eta teh, dijawab ku Raden Atma, sela kagungan rama, juragan ti Margawindu, Atma bari mamacdapan.

Silaing teh jadi joki, atawa bujang Wadana, ari walon Den Atma teh, sumuhun dawuh gamparan, minangka jadi magang, naha bet magang belewuk, saur Den Natasuanda.

Magang mah atuh sing ginding, ari nyaba ka dayeuh mah, coba tenjo magang dewek, sarung gerus baju bodas, ulah disarung lada, sanggem Den Atma teu gaduh, cek nu naros lamun menta.

Enden Juhro api-api, pura-pura teu katingal, bongoh bari nawar gendong, milih renda rupa-rupa, jeung milang wang keretas, nawar lampu nawar anduk, mapanas kabina-bina.

Den Atma dijurung indit, ku Rahaden Juruserat, dawuhanana jig bae, satuluyna Raden Atma, bari ngekelek sela, ku nu garan-dang ditunjuk, garumujeng semu nimat.

Den Atma seep prihatin, nyerina kabina-bina, tapi dina hate bae, pageuh muntang ka Pangeran, rumasa taya dosa, ngan sugan bae ka payun, aing meunang rahmat Allah.

Dangdanggula

Sigeug Raden Jurutulis nu ginding, pangkat senang sarta garwa endah, kocapkeun di kabopaten, Jurutulis pareng benum, naek pangkat Mantri Pulisi, dumadak karsa Allah, Kangjeng pareng emut, geusan pigantieunana, nu kamanah taya sanes mung sahiji, nya eta Raden Atma.

Rehing sering anjeunna ningali, katemenanana Raden Atma, turta rea adpis hade, nya magang Margawindu, ku Dalem teh anu kapilih, tina sanggeus kamanah, enggal Kangjeng nyaaur, Wadana dununganana, Wadana teh dumeuheus ka Kangjeng gasik, sasumping ka pamengkang.

Kaleresan Dalem nuju linggih, jol Wadana lajeng dipariksa, dawuhan Kangjeng Dalem teh, Wadana pang disaur, baris menta papayan sidik, hal Bapa Kai Atma, magang Margawindu, naha terus jeung sajarah, reh ku kula dina buku geus kapanggih, kieu papayananana.

Haji Anwar ngaranna keur leutik, nu katelah Raden Isa tea, anak Rangga Sindang Sono, Mang Rangga anak uyut, baing Demang Den Arganiti, ramana uyut Demang, Bupati Paneguh, pen-car Dalem Rangga Dipa, Rangga Dipa tunggal sanini-saaki, nu terus ka kaula.

Cek Wadana satimbalan Gusti, henteu lepat menggah Haji Anwar, kitu turunanana teh, masih keneh sakupu, henteu tebih ti Dampal Gusti, mung rada paburisat, itu mah pacampur, reh seueur carak-corokna, babakuna seueur nu runday ka istri, sapertos Bi Habibah.

Bi Habibah bojo Mang Patinggi, Mang Patinggi rakana nu cikal, aya nu jadi asisor, nu jadi jagasatu, mung papayan Emang Patinggi, eyangna urang Sebrang, turunan Malayu, wartos kawit baheulana, sumpingna teh jaman ngabedah Batawi, linggihna di Jaketra.

Saur Dalem keun tong panjang teuing, ayeuna mah perluna Ki Atma, tetela turunan hade, walonna sumun dawuh, kieu geura bisi can harti, mungguhing Kai Atma, ku kula dipundut, dek dibe-re pagawean, kana pangkat pikeun jadi jurutulis, ngaganti nu geus pindah.

Ku taksiran ke saminggu deui, bisluitna ku Atma katampa, hade tunggu-tunggu bae, Wadana sakalangkung, bingah manah nu tanpa tanding, bari tuluy haturan, nun sumuhun dawuh, abdi Gusti sakalintang, ngiring bingah Dalem teh ngalahir deui, kumaha hal umurna.

Cek Wadana eta duka Gusti, mung numutkeun piunjuk bapa-na, umurna nembe salawe, luhurna tujuh likur, eta bae waktos keur alit, nalika sakolana, jadi rencang putu, nya eta Aom Subar-ma, nalika anjeunna masih murangkalih, putra Aom Wadana.

Saur Dalem kuma jeung Hanapi, anak kula nu matuh di Jawa, anu ti putra Mang Erpol, walonna ku pangemut, rada ben-ten mung henteu tebih, rada kolot pun Atma, menggah ku pange-mut, kalayan sanggem biangna, lahirna teh jaman ribut Haji Wa-sid, pun Atma anyar medal.

Lami ngobrol jeung Kangjeng Bupati, Wadana teh nganggo aya jamna, Kangjeng nembe nyaur alon, Wadana hempek atuh, bisi aya perlu di distrik, lajeng Wadana nyembah, unjuk tigas dawuh, lajeng mancat kana kahar, Den Wadana di jalan teu kocap la-mi, geus sumping ka bumina.

Barang sumping calik dina korsi, disauran sakabeh ponggawa, nu sami aya di kantor, sakabeh pada kumpul, Raden Atma nu no-mer hiji, upas sarawuh kopral, sakabeh disaur, sarta nimbalan ka Kopral, coba Kopral cing itu geuwat Kang Haji saur sing gancang pisan.

Sabot ngantos sumping Raden Haji, Wadana teh rame sasau-ran, ka para ponggawa kabeh, cing ieu nu karumpul, sarerea sing pada nguping, reh ieu Kai Atma, ayeuna geus benum, nyekel pang-kat di nagara, aya milik kana jadi jurutulis, di kantor kabopaty-an.

Sadayana sami suka galih, sumawonna Nyai Wadana mah, tina bawaning bingah teh, cisocana nyurucud, sarta nyaur nuhun anaking, Ujang meunang darajat, hasil nu dimaksud, nya atoh kabina-bina, sarta muga ka Gusti Nu Maha Suci, sing bisa kumawula.

Henteu lila kurutak Den Haji, diiringkeun ku Mas Kopral tea, pilahirna Wadana teh, salamet akang nuhun, geura nadar meuncit si Kucrit, Raden Haji dipapag, munggah ditutuyun, Raden Haji Anwar reuwas, iih naha engke bet rareuwas teuing, ieu teh naon tea.

Hih Akang mah sugaran teh geus harti, ieu putra Ki Atma diangkat, Jurutulis kabupaten, bieu rai disaur, nembe dongkap pisangan ti nagri, Kangjeng Dalem nimbalan, yen Ki Atma benum, malah panjang mariksana, hal Ki Atma ditetek tina mimiti, pasal turunanana.

Cek Den Haji beu atuh ambuing, bingung temen nganuhunkeunana, pamayar kana kaatoh, menggah Kakang saestu, henteu ningal Kangjeng Bupati, sareat da gamparan, anu ngagugulung, taya sanes mung pamuga, Gusti Allah anu sipat rahman-rahim, kersa males kawelas.

Sareatna gamparan sakalih, anu nyaah sarta mikaheman, ka pun anak anu bodo, jadi marga sakitu, pun Kakang mah rumaos teuing, mung mugi salajengna, mugia rahayu, gamparan sakadang-wayah, mugi ulah manggih kakusut berewit, wilujeng sapaosna.

Pun Kakang teh tina bingah ati, henteu ngeunah lawas ngadeuheusan, sok mana temen pun bojo, pun Kakang tigas dawuh, Den Wadana gumujeng leutik, jeung bari ngawidian, nya sumangga atuh, tapi entong lulumpatan, teras bae harita Rahaden Haji, gedeg tunggang kahar.

Di jalanna henteu kocap lami, Raden Haji sumping ka bumi-na, sasumping-sumping alewoh, nyarios semu gugup, harita ge kumpul prawargi, garwana ringkik-rangkak, atoh campur gugup, sarta harita pepeta, ngarewahkeun babakti ka para Nabi, cucurak dari hajat.

Sigeug anu sami bingah galih, sukan-sukan sepuh sadayana,

henteu mangkuk tujuh poe, bisluit geus kurunyung, ku Rahaden Atma katampi, ger rame pada surak, sami turun kaul, ngadadak nyieun karia, dadasar mah kawasa nu boga distrik, nyieun pesta dadakan.

Raramean dumugi ka wengi, ngajeuwangan ngala panayagan, memang ronggeng mah teu hese, malum saumur-umur, ngemprung bae teu towong peuting, menak-menak saruka, kumpul kuwu-kuwu, Raden Haji bebeakan, babalanja motong domba hayam meri, campur modal Wadana.

Dasar Raden Atma jalma cicing, henteu nyana boga ulat gandang, sihoreng ari geus make, cahaya hurung mancur, tur kasipuh pamor bisluit, jadi gandang pertengtang, wuwuh hurung nangtung, seueur anu angkat tangan, nyalametkeun ka Raden Atma Jurutulis, ger surak rame pisan.

Kitu deui mulangna pangasih, Raden Atma angkatna bicara, kabeh jalma sami bengong, teu nyana jadi kitu, jadi tatag wanter binangkit, malah rea nu ngupat, dasar anak pupuh, sagoreng-goreng turunan, kudu bae aya talna anu penting, nu henteu nyana tea.

Sigeg anu sami suka ati, taya hiji jalma anu curang, kocap-keun isukna bae, di jalan geus ngalimbung, jalma-jalma jeung bangsa wargi, sanajan urang pasar, sami turun kaul, nu jajap jeung nu mekelan, teu katahan duit pirang-pirang ringgit, meunang ratusan perak.

Pok Juragan Wadana ngalahir, he sakabeh para sobat-sobat, muga pada nyararaho, ayeuna geus dikabul, ieu magang Atma geus jadi, Jurutulis di nagara, berkah prakaruhun, jembarna ti sarerea, jeung mangsana ayeuna Ki Atma indit, sukur nariat jajap.

Breng harita Raden Atma indit, heurin usik pinuh sajajalan, sarta nunjtut masih crungcreng, nu jajap masih merul, Raden Haji henteu katawis, cat sami kana kahar, sado puluh-puluh, henteu kocap di jalanna, Raden Atma geus sumping ka payun Gusti, Kangjieng pinuju lenggah.

Kangjeng Dalem rawuh Dalem Istri, kaget manah reh rea nu jajap, seep-seep mujina teh, pertanda jalma mulus, hade adat tur hade ati, ku Kangjeng katarima, jalma sami wangsul, Raden Haji papasrahan, Kangjeng Dalem, narima jeung budi manis, Den Atma geus sugema.

Saharita teras nyiar bumi, kaleresan kenging imah anyar, wegweg alus sarta gede, dasar ramana teguh, teras bae bumi dibeuli, ku Raden Haji Anwar, jejeg tujuh ratus, katut pakaranganana, parabotna kaya lampu meja korsi, ngagaleuh nu weuteuhan.

Ku dunungan beak nya diasih, Raden Atma teu kantos mulan, sadaya damel kahartos, teu weleh buburuhun, masih resep damel nu laip, damel lemes jeung badag, karawu kapangku, Raden taya ngawaguna, tina tuman marab kuda ngosok bedil, teu ngurus kamenakan.

Kinanti

Kira geus nengahan taun, Den Atma tambah mangarti, ku Dalem beuki kamanah, rehing galihna kabeuli, sanis kanten kapanlayna, ku Raden kabeh kairing.

Sumawon hal buku-buku, laporan kuwartal sasih, geus dianggap kana dahar, tara lami-lami mikir, cocog beres salawasna, cadu dipulangkeun deui.

Rajeun ge aya nu kusut, ti kota ti distrik-distrik, ku Den Atma ngan saliwat, dibeberes mambrih rapih, teu nyieun kangewa jalma, kabeh teu dianggap pusing.

Mung pareng di hiji waktu, Den Atma pinuju gering, teu ngantor aya di imah, pinareng Kangjeng ningali, laporan Wadana kota, buntuatan Jurutulis.

Kotor kusut kalangkbut, ngasupan kolom teu uni, ngacaprak sakama-kama, Kangjeng Dalem seep pusing, benduna kabina-bina, lajeng eta Jurutulis.

Harita keneh disaur, ka kantor di pancaniti, barang jol Juru-

tulis kota, nu ginding leuwih ti misti, Kangjeng Dalem garo sing-sat nyeuseulna ka Jurutulis.

Sia teh geus tilu taun, di kota gawe ngan nulis, tapi ari pagawean, teu beda jeung beunang jurig, nurustunjung ka patutna, boro mah sia teh ginding.

Si Atma ku sia saur, sanajan bejana gering, delehkeun gawe si Atma, budak anyar urang sisi, henteu cara beunang sia, hayoh sia geura indit.

Ku sia si Atma tungtun, ayeuna masing kairing, mun teu kuat kana kahar, itu pake bendi aing, barang gawe kawas budak, nyaho tempo ngan saeutik.

Jurutulis kota geus turun, nyembah ti payuneun Gusti bari mikir sajajalan, beu atuh kumaha teuing, da aing terang kacida, yen Atma handapeun aing.

Teu lila nu gandang cunduk, geus mancat kana babancik, kaget naha kutan beunghar, rea korsi jeung gasolin, meja marmer buat Cina, nu gandang lajeng ngalahir.

Yi ayi teh aya kitu, diwalon ti jero bumi, saha eta teh di luar, cing ka dieu bae calik, kojengkang angkat nu gandang, ditampi ku budi manis.

Barang gok alus nu ngaku, aeh bet gamparan geuning, nuhun atuh dilayad mah, abdi teh puguh mah gering, teu kiat bijil ka luar, teu paya kaangin-angin.

Cek nu gandang sanes kitu, Ayi teh disaur gasik, nyelang ka kantor sakedap, engkang teh baris badami, reh itu laporan bulan, ti engkang lepat saeutik.

Dumadakan naha atuh, asa teu ku hanteu teuing, ngadak-ngadak kauninga, ku Kangjeng make katungtik, sasari ge tara panjang, mun katampi ku Kang Rai.

Cek Den Atma ambu-ambu, asana kaduhung teuing, setat model mana tea, cek nu gandang nu kahiji, reh ari raos engkang mah, sadaya oge pasagi.

Tapi Kangjeng seep bendu, duka naon teu kaharti, cek Den Atma tangtos lepat, da Kangjeng mah mun ngoreksi, cecel alah batan urang, jeung kagungan bakat apik.

Den Atma enggalna lungsur, kadua Den Jurutulis, angkat la-launan pisan, sapolah-polah nu gering, geus daratang ka pamengkang, Kangjeng geus polotot deui.

Cing Atma naon nu kitu, eta laporan teu uni, ku dewek geus kapariksa, karek dina kolom hiji, ditarik ku kolom opat, ngaco kawas beunang iblis.

Den Atma naros tur ampuh, gamparan ti mana kenging, keur ngasupan kolom opat, jawabna Den Jurutulis, nyokot tina model lima, har atuh paingan teuing.

Kedah tina model tilu, tingalian dina tarip, nya kitu deui ngetangna, dibagi ku kolom hiji, ieu mah tangtos ngacaprak, keun bae atuh ku abdi.

Saur Dalem nurustunjung, ieu mah ngadon teu eling, saruna na jeung Wadana, kalah ka resep pelesir, jor ka ditu geura bawa, ganti gancang nyieun deui.

Nu gandang teh wuwuh-wuwuh, pikirna beuki teu uni, raray pias bakat era, otak poek buta rajin, tadina ge samagaha, da wungkul purah ngaginding.

Atuh Den Atma ngadeluk, teu kalis ku dumeh gering, teu kungsi saparapat jam, padamelan beres apik, saberesna keur eusina, nu gandang ngan kantun nyalin.

Tidinya mah nembe wangsl, gandeuang budi nu surti, cetaan nu pinter pisan, jeung ahli wadul ngecewis, pajah tas ti kasisenan, ngabantuan Jurutulis.

Dasar boga watek mintul, Jurutulis teu euih-euih, didamel taya majengna, taya hiji nu teu rujit, saban mikeun lalaporan, taya nu beres sahiji.

Sigeug Jurutulis nu mintul, kocap Den Atma nu surti, diheureuyan dibanyolan, di kantor ku Raden Mantri, saban dinten gonganjakan, dumeh tacan gaduh rabi.

Cek sadaya batur-batur, cobi ulah lungguh teuing, itu saha di pamengkang, nyerangkeun ka ayi Ulis, geura mangga pek seratan, keun akang nu mikeun tulis.

Asmarandana

Bakating watek lalaki, sumawon dicarolokan, najan teu diki-tu oge, memangna geus aya manah, sugar aya nu ha'at, nu purun ka jalma dusun, miwelas ka nu walurat.

Beuki lami tambah wani, seueur anu ngabanyolan, Raden Mantri Kabupaten, nu pohara ngaheureuyan, kawas nu saenyana, ayi mah edas ku lungguh, cing sing aya kabegeran.

Geura itu Agan Emin, putra Den Jayakusumah, geulis tur parawan keneh, kawuwuh aya karabat, wargin Kang Rai pisan, Dalem Istri kapi putu, nu matak aya di dinya.

Cek Den Atma isin teuing, sanes babad sanes layan, eta mah sekar kadaton, abdi mah kembanging huma, jawab Den Mantri tea, alah Ayi engkang nanggung, dina lebah dinyana mah.

Asal yaktos manah Ayi, keun engkang anu mokrolan, nanggung kana beres bae, lamun mungguh duwegan mah, engkang anu ngalana, Ayi nu tinggal nguyup, Raden imut leleb pisan.

Ngajawab semu nu eusi, di manah nu enya-enya, Den Atma beuki galegeh, ka Den Mantri tambah congkah, malah sering mu-pakat, tina sanget manah paur, hayang tapi teu kawagang.

Lahiran Rahaden Mantri, lah Ayi mah da manusa, najan dina sihung meong, ulah tuad ku karemparan, atuh moal kasorang, saibarat hayang sangu, mun teu cape moal dahar.

Den Atma enggeus mimiti, kutrat-kotret nyieun surat, tapi mindeng disosoeh, tina masih asa-aswa, boga pikiran serab, ku ba-kat diwujuk-wujuk, ku Rahaden Mantri tea.

Ngaguguna ku Nyi Mantri, sering pisan dibanyolan, pajah teh cek urang gedong, nu anyar teh degig pisan, kawas hayang ditanya, Raden Atma beuki wantun, mimiti rea omongna.

Pareng dina dinten Kemis, Gan Emin keur ngala kembang, Den Atma bade ka kantor, manah Den Atma dagdagan, pok bae dipariksa, na Agan seueur nu kudu, kembang teh waka diala.

Gan Emin bakat ku surti, ngajawab atuh kantenan, kudu sarta masih kocop, ngora masih tacan ligar, tacan keuna ku hama, anu nyeuseup harum-harum, ngarungrum ganda pusrita.

Didinya mah ngadu surti, Den Atma jalma budiman, ieu mah reklameu bae, teu beda sareng priskoran, atawa panawaran, geus katulup dina kalbu, Raden Atma meunang jalan.

Reh geus aya adpertensi, tadi ucap Agan tea, teu beda jeung sora bende, lelang dina pagadean, jadi bole ditawar, lajeng Raden teh ngadekul, mimiti ngadamel serat.

Kasmaran wawakil pikir, pikir anu mamatahan, ngajurung wawuh jeung Enden, namung menggah badan engkang, pohara nya hariwang, hariwang disebat dusun, purwa teu wantun ku lisan.

Isin ge da ucap tulis, najan Enden dek ikelas, batan males meureun lolos, tawis yen taya piwelas, kajeun da niat tiwas, dikekadeun moal mulus, rumaos sanes alasna.

Engkang raos kumawani, miconggah kabina-bina, minangka arek misono, sanajan rumaos hina, suganna bisa keuna, tapi seep hate linu, lantaran sanes aduna.

Hanamung sakitu deui, teu batan wakca balaka, kajeun waleh manah paeh, yaktosna mah badan engkang, ka Enden hayang terang, eta kembang anu harum, keur saha sarining kembang.

Mun tacan dek diparetik, nu dek ngambung kana kembang, engkang gaduh anak odeng, kumaha kinten-kintena, ganda moal subaha, nu harum baris dirungrum, ku bangbara nu sangsara.

Gancang surat ku Gan Emin, katampa dina mandapa, ti Nyi Mantri Kabupaten, dibaca dugi ka tamat, Agan Emin pohara, asa kagunturan madu, karagragan menyan seta.

Bingahna kawanti-wanti, macana teu tinggal tata, kecap nanceb kana hate, sarta ku Agan dicipta, dusun mun teu kabita, kaha-yan aing ge kitu, ngarep-ngarep nu micinta.

Enden teu panjang migalih, satamatna eta serat, lumebet ka kamar bae, dadasar sagala aya, parabot seseratan, pamulu miyuni santun, nu santen dek seseratan.

Kumelet ngareka gurit, lucu ku matak geugeutna, manah asa sumeleket, kecap serat sieun lepat, nyieun sekar macapat, ngageremet semu imut, nya kieu wiletanana.

Wawakil diri sajati, tumiba ngaraga sukma, bawel noel kana hate, hate anu kawakilan, dumeuheus ka gamparan, catur nu rek nutur galur, medarkeun pangajak rasa.

Abdi mah geus ti ajali, samemeh gelar ka dunya, henteu ngantosan papasten, geus dijurung rerentetan, sabdana Nu Kawasa, kudu wawuh jeung si itu, pajah ka salira engkang.

Baheula mah teu kajudi, nalika dongkap ilapat, asa anu ngimpi bae, na naon kila-kilana, atawa balukarna, ayeuna nembe kaitmu, yen bakal tepang jeung engkang.

Beu atuh piraku deui, mungpang ka kahoyong engkang, talung engkang mah cikeneh, sasatna manah kapaksa, teu aya ti tadina, abdi mah geus ti Lohmahpud, kudu manutan ka engkang.

Abdi teh doraka deui, mun teu iman ka parentah, sasat serong ka Yang Manon, meureun hutang ka Pangeran, rumaos kawajiban, yen kudu anut mituhu, nu mawi teu seja mungpang.

Kaleresan abdi nampi, tetesan salira Engkang, mariksa ridu boh lengoh, nalengteng jalma nu datang, abdi nu sahinasna, waktu ieu masih suwung, tacan aya nu ngawangwang.

Mung kalintang gimir pikir, sieun Engkang palangsiang, boa mah dek banyol bae, leuheung lamun manah Engkang, minangka ngajugungan, purwa nyanggakeun piunjuk, taya halangan harungan.

Sarta katimbang ku abdi, mun unjukan ka Kangjeng mah, bilih matak raga-rogo, utami sae ka mama, da tangtos geus uninga, nerangkeun kagungan maksud, ka ngaran Siti Aminah.

Sinom

Samatatna eta serat, Agan Emin api-api, ameng semu nu rek nganjang, nepangan Nyi Raden Mantri, bari nyanyandak tulis, enggalna bae geus cunduk, ka bumi Mantri tea, pamegetna nuju sepi, reh nempona memeh sumping ti paseban.

Sasumping-sumping ka dinya, Nyi Mantri geus imut leutik, bari nyaur mangga Agan, nu geulis Gan Ulis Istri, Agan ngawalon manis, ah Aceuk mah aya lucu, leuheung mun asup basa, bisi katuliskeun jurig, palangsiang jurigna aya halangan.

Cek Nyi Mantri lah ku moal, najan jurig keur teu ari, meu-reun maksa nyelang heula, mangnuliskeun anu geulis, sangkan bisa ngajadi, mun jurig teu daek ngurus, mastikeun kadar Agan, keun ku aceuk dek diusir, henteu hayang deukeut jeung setan mumulan.

Ger gumujeng raramean, di bumi karo Nyi Mantri, Agan Emin lucu pisan, sabudi-budi nu manis, kaway nytingkap saeutik, ku Nyi Mantri teh ditunjuk, cing naon eta Agan, ku Agan dibuni-buni, mana horeng serat nyelap dina kutang.

Ku Nyi Mantri dibongohan, pura-pura ningal cingcin, bari haben sasauran, ngabanding-banding panitih, tetela eta tulis, nyalindung dina harigu, kahompet tali kutang, Gan Emin bongoh sa-eutik, rikat surat katewak Gan Emin tobat.

Si surat dicandak ngejat, Nyi Mantri ka kamar tulis, Gan Emin aceuk-aceukan, ampun teuing tobat Gusti, ieu abdi mah isin, leuheung mun basana lucu, pek baca tapi omat, kedah dipasihkeun deui, eta serat ku abdi dek disasaak.

Cek Nyi Mantri lah ku moal, surat dipulangkeun deui, serat teh lajeng dibaca, ngareret bari ngalahir, eh tobat ieu manis, japus ari si lucu, sok tayoh ka patutna, bisa ngambil-ngambil ati, hayang teuing geura datang nu bogana.

Sabuat ngadu bicara, kolebat luareun kikis, duaan ditopi bo-

das, sihoreng Rahaden Mantri, kadua Jurutulis, cek Nyi Mantri alah ituh, Gan Emin garo singsat, ngurihit mementa tulis, ciing aceuk eta kadiukeun serat.

Tibatan dibikeun serat, anggur kalah beuki buni, disorog di laci meja, beuki deukeut nu dek sumping, Agan teu ngeunah ciing, amberung bangun dek kabur, adat-adat parawan, anu nembe beger pikir, ngan sakilat Agan rikat tuluy ngejat.

Nu geulis geus lolos musna, ngeper sajeroning pikir, mapay jalanan mipir jamban, nyumput nyempet di nu sempit, tapis metekeun kikis, milepas ti juru kakus, teu sewot ku walurat, najan panitihih tikait, kana kawat perwatek budak iatna.

Laju lampah pangminggatna, Gan Emin enggalna sumping, angkat depong sisi empang, nongtoyong mageuhan samping, Agan sasumping-sumping, pangacian asa ngapung, tina bakat teu tuman, ku bageurna Agan Emin, tara heman nyulumun purun nemonan.

Sigeug Agan nu geus minggat, geus aya di gedong deui, kocapkeun Rahaden Atma, sarawuh Rahaden Mantri, sami sumping ka bumi, pang Den Atma milu-milu, ka Raden Mantri tea, nya eta baris badami, pangajaman ka Raden Jayakusumah.

Nyi Mantri gumujeng ngeunah, milahir ka Raden Mantri, cobi geura ieuh Engkang, itu dina kamar tulis, aya serat saeutik, tapi nu mawana kabur, cek Mantri na ti saha, hih mangga bae tingali, dina erak katindihan kaca soca.

Lajeng Raden Mantri angkat, tetela yen aya tulis, ditindihan kaca soca, lajeng serat ditingali, sidik yen eta tulis, Raden Mantri bari imut, surat teh pek dicandak, cing tingali ieuh Ayi, geus kitu mah kawas dek nyiar kumaha.

Pilahirna Raden Atma, ah yaktos sanes anonim, Nyai Mantri susumpahan, ah ku rehe ari Ayi, malah mah ku pribadi, daek edan daek busung, di dieu gogonjakan, malah basa Ayi sumping, engkang unggah Gan Emin ngejat ka tukang.

Cek Den Mantri lah percaya, ayeuna mah kieu Ayi, geuning

eta ungel serat, saupami Ayi isin, montong ka Dalem Istri, sae ngadeuheus ka Kidul, nya eta ka ramana, upami Ayi teu wani, 'ke jeung engkang ngadeuheus sanggeus taruang.

Tidinya brak sami tuang, Den Atma jeung Raden Mantri, ngariung jeung bingah manah, Den Atma teuing ku ancin, tuangna henteu lami, koloyong angkat ka payun, Nyi Mantri sasauran, bari nyebat naha Ayi, mana horeng hoyong mindo maca serat.

Kusuwel ti jero pesak, Raden Atma dina korsi, Nyai Mantri bari nepak, kana teku Raden Mantri, geura Engkang tingali itu nu calik di payun, moal teu maca serat, Mantri noong tina bilik, Mantri dehem surat musna Raden tanggah.

Raden Mantri enggal ngejat, bari nyaur keur naon Yi, Raden Atma ngawalonan, ieu resep ningali walik, ti mana kenging walik, cek Mantri ti anu kabur, Den Atma kahaturan, da eta Juragan Istri, cek Nyi Mantri pek bae Ayi sing tamat.

Ger rame nu kahaturan, enggalna Rahaden Mantri tuang geus lekasen, nya kitu deui Nyi Mantri, sami ngaralih calik ngariung pada di payun, neriskeun sasauran pasini duaan tadi dek du-meuheus ka Raden Jayakusumah.

Kitu-kitu badamina, satamatna nu pasini, jung angkat padu-duaan, di jalan teu kocap lami, duaan sami sumping kurutak dehem ti payun, Rahaden Jaya nyampak, can lami mulih ti cai, geus ngadangu, mariksa saha di luar.

Bari bray panto dibuka, barang ret ka Raden Mantri, aeh geuning menak-menak, cing mangga enggal caralik emang teh hilap deui, ieu teh sanes tatamu, Rahaden Mantri jawab piraku geus lali deui, kapan ieu Jurutulis nu anyar tea.

Rahaden Jaya ngagakgak, aeh enya na bet pangling, mangkukna teh kapan tepang, basa di serimanganti, Raden Atma ngalahir, misanggem sumuhun dawuh, ma'lum atuh Emang mah, abong mata aki-aki, panjang-panjang Raden Jaya mariksana.

Keun heula perkawis eta, babakuna Raden Mantri mama mah

sok hayang enggal, kenging wartos anu sidik, naon perluna sumping, bok bilih aya nu perlu, Den Mantri enggal jawab yaktos nganteur pun adi, bade aya pihatureun ka gamparan.

Urang bujengkeun enggalna, ieu teh pun Jurutulis, yaktosna mah masih bujang, pangkat tacan gaduh rabi ayeuna, mung upami, gamparan teu jadi bendu, wirehing putra nu aya di Dalem Istri, enya eta Nyi Raden Siti Aminah.

Upami masih lugina, tacan aya nu migalih, sarta lamun karujukan, maksadna ieu pun adi, ibarat jual beuli, bade nawis mung teu wantun, jalaran ningal barang, sanes salaka sinangling, tur linggihna dina benteng kuta waja.

Menggah ku perkawis eta, gamparan tangtos ngagalih, teu ke-dah paos unjukan, sakitu oge utami, jawabna ririh rintih, euh Raden teh jadi kitu, ke antos atuh heula, mama dek nyalukan embi, lajeng nyaour Raden Jaya ka garwana.

Teu lami sumping garwana, sami calik dina korsi, Raden Jaya sasauran, galantang saungel tadi, istrina pok milahir, euh atuh upami kitu, embi mah nuhun pisan, malah saur Dalem Istri, bisi aya nu hayangeun ka Aminah.

Sumawonna bangsa pangkat, najan wargi partikulir, sakira pikirna rempan, dumeh aya di Bupati, saurna teh ka embi, asal nu katimbang mulus, hade bae tarima, da meureun boga pamilih, menggah embi eta mah nya nuhun pisan.

Da mungguhing yaktosna mah, bener aya di Bopati, ngan bubuhan katalian, embi nu perenah bibi, wargi ka Dalem Istri, tapi ari mungguh umur, Dalem mah anom pisan, ngan patokan panca kaki, Dalem Istri yaktosna saderek ama.

Putra eyang nu bungsuna, enya eta Dalem Istri, malah embi keur ka emang, Dalem mah can ngimpi-ngimpi, lah ma'lum Eyang Haji, jenatna najan geus sepuh, garwa teu weleh dua, tah ieu teh Dalem Istri, anu medal ti garwa nu nomer dua.

Ngan kari eta-etana, putra eyang taya deui, samalah ari mama mah, pupusna teh enggeus lami, heulaeun Eyang Haji, Dalem Istri

keur dikandung, embi mah geus ka emang, ayeuna geus cembul huis, Raden Jaya ngagakgak heum los ka dinya.

Putus anu sasauran, garwa Den Jaya ngalahir, atuh upami kitu mah, embi perlu gasik-gasik, nepangan Dalem Istri, cek Den Jaya atuh puguh, cig gancang nyelang heula, ditunggu ku Raden Mantri, enggal lebet ka bumi dek ngadon dangdan.

Sabot anjeunna keur dangdan, Den Jaya lebet ka bumi, ngaharewos ka garwana, ieuh ka dieu saeutik, utama jeung si Emin, bawa urang sina tepung, cek garwana kantenan, atuh mangsa bodo kuring, heueuh sukur atuh ari kapikir mah.

Gandeuang Nyi Raden angkat, raksukan Madras taloki, salontreng nganggo titihan, adat-adat menak istri, keupat dibanting-banting, kawantu sepuh ruruntuk, dipajeng disalempay, kebat jalanan pancaniti, sisi empang mapay-mapay kebon kembang.

Kurutak ti emper tukang, sarta bari alak-ilik, katingal ku Ema Icah, na gamparan lami teuing, timbalan menak istri, cing unjukkeun buru-buru, kami dek ngadeuheusan, Ema Icah gasik-gasik, Dalem Istri harita aya di kamar.

Saur Dalem naon Icah, Ema Icah walon aris, dek ngunjukkeun aya putra, pilahirna Dalem Istri, ka dieu sina calik, cing ka dieu alo asup, asa geus heubeul pisan, lajeng nu ngadeuheus calik, memeh dines carios guguyon heula.

Sabada banyol biasa, gelendeng carita leutik, ngunjukkeun usul-asalna, hal maksadna Jurutulis, dawuhan Dalem Istri, beu atuh Embi mah nuhun, puguh ge atuh pisan, dipenta ku Jurutulis, heug bejana jalma cepet bener pisan.

Kangjeng mindeng sasauran, paribasa Jurutulis, cacak budak pikampungan, bageur pinter sarta surti, Kangjeng teu weleh muji, bejana mah sakaruhun, ke alo cicing heula, urang unjukkeun sakali, Dalem Istri lajeng angkat dek unjukan.

Kangjeng dina panyeratan, barang ret ka Dalem Istri, Dalem Istri sasauran, abdi teh unjuk tingali, itu indung si Emin, bebeja dek gaduh mantu, Aminah ditanyaan, ku Ki Atma Jurutulis, Dalem lugay tina kamar panyeratan.

Kinanti

Gendeyung Dalem ka pungkur, diiring ku Dalem Istri, geus lebet ka jero kamar, nu aya ibu Gan Emin, Dalem calik dina dipan, ngarendeng jeung Dalem Istri.

Saur Dalem atuh sukur, Atma hayang ka si Emin, emang ngarempukan pisan, pek bae tanya sakali, mungguh piwaktueunana, kahayangna Jurutulis.

Ngawalon sumuhun dawuh, ku emutan abdi Gusti, saupami karempagan, ku panggalih Dampal Gusti, hayang ulah lila-lila, sumeja dipenta pasti.

Saur Dalem bener kitu, dek ngadago naon deui, na ka mana ar Jaya, walonna ibu Gan Emin, aya keur mayunan semah, nya eta pun Jurutulis.

Ayeuna mah buru-buru, tarima bae sakali, dina hal usuk-esekna, keun mangke badami deui, ngan geuwat bae ka Jaya, ka dieu urang badami.

Ibu Gan Emin miunjuk, sumuhun timbalan Gusti, madak Gusti ngawidian, pun anak neda permisi, sakedap dibantun heula, ka rorompok abdi Gusti.

Saur Dalem atuh puguh, tapi ulah lila teuing, gancangna ti-gas timbalan, tuluy nyampeurkeun Gan Emin, ibuna sarawuh Agan, geus angkat pairing-iring.

Gancang ka bumi geus cunduk, sasumping-sumping ka bumi, Den Atma masih kasampak, Raden Mantri pilalagi, caralik sami jatnika, ibu Gan Emin di bumi.

Ka rakana celak-celuk, cing anjeun ka dieu calik, ti dinya Rahaden Jaya, geus lebet ka jero bumi, hingkang garwa lalaunan, nerangkeun timbalan tadi.

Ku Den Jaya geus kamaphum, geus taya rasiah deui, bari lajeng ngagentaan, ka tamu ngajakan calik, cing ulah calik di dinya, ka dieu bae ngaralih.

Mantri Den Atma arasup, calik meped kana bilik, Gan Emin aya di kamar, noong ti deukeut lamari, ngawaskeun kana patutna, ka Den Atma tacan sidik.

Gan Emin manahna ratug, ngupat sajeroning galih, ah mokaha sakitu mah, bener hideung tapi manis, ngomongna teu matak cua, teu boga ulat cilimit.

Keur noong lajeng disaur, rinjeg asa aya lini, gebeg asa kingkilaban, lir dek aya gelap tarik, nyebat kah bari rumenjang, ma'lum istri tacan jadi.

Langgeor anu disaur, calik emok semu manis, mando sapungkureun rama, Kang Rama reret ka gigir, nerangkeun mak-sudna semah, nya eta Den Jurutulis.

Yen kitu anu dimaksud, baris miwelas ka Nyai, ku sabab kitu ayeuna, pamenta ama pribadi, Nyai sing wakca balaka, boh purun atawa nampik.

Saur Gan Emin sumuhun, ari menggah diri abdi, da memang masih kapurba, mama nu kagungan wajib, ayeuna teu lepat mama, abdi mah sumeja ngiring.

Timbalan ramana sukur, tah geuning Den Jurutulis, budak geus puruneun pisan, mama atoh liwat saking, tapi mama sabalikna, dek naros ka Aden Ulis.

Iraha anu dimaksud, reh dawuhan Dalem Istri, kudu ditanya waktuna, mangsa nu dipake kawin, cek Den Atma mung ngiringan, iraha nu dipigalih.

Cek Den Jaya lamun rempug, tempoan sabulan deui, ma'lum teu beunang didadak, cek Den Atma seja ngiring, jeung abdi bade unjukan, ka Kangjeng neda permisi.

Bade nyelang heula wangsul, wangkid opat-lima wengi, dek nyarios ka pun bapa, mopoyan dek gaduh rabi, cek Den Jaya nu-hun pisan, eta laku nu utami.

Geus putus nu mangun catur, pasini beres ngajadi, jebul beunang masak-masak, ibu anu kerah-kerih, tidinya sami taruang, Den Atma rama jeung Mantri.

Sabada tuang gelendut, mastikeun jangji pasini, amung henteu ngajongjongan, harita tras pamit mulih, Raden Mantri jeung Den Atma, duaan sami marulih.

Sigeug Den Atma nu mulus, nanyaanana geus hasil, amung katunda sabulan, kaselang baris cacawis, Raden Atma geus unjukan, ku serat ka Raden Haji.

Raden Haji pon nya kitu, bingah anu tanpa tanding, ayeuna tambah pohara, sayagi leuwih ti tadi, pendek ngan sakedet netra, tina sadaya utami.

Sabot nunggu-nunggu waktu, jedet aya kabar angin, lalakon Jurutulis kota, nu canteng leuwih ti ginding, ku lantaran ngagalaksak, royal awewe-lalaki.

Angin ti kaler ti kidul, yen eta geus nuang duit, artos panas pirang-pirang, aya ajen rebu leuwih, turta Wadana uninga, lalakonna Jurutulis.

Tapi tacan pati geruh, reh ma lum Wadana lantip, cek basa teu pandang orang, asal duit bisa bukti, kopral cara kikinciran, mapay pangruksakna duit.

Horeng teh jeung seneng ngadu, campur awewe-lalaki, sanggeus meunang keterangan, gancang eta Jurutulis, dipariksa ku Wadana, asalna mah baris mungkir.

Keukeuh ngajawab kaliru, kawantu duit pabeulit, rea artos kaluarna, campur nu tacan katampi, kabeh buku dikotek tak, rea akal Jurutulis.

Cek Wadana motong kitu, da memang oge kaharti, ayeuna mah gancang-gancang, mitoha ajak badami, da geuning barang mitoha, sok sageuy lamun teu mahi.

Asmarandana

Pendek taya ampun deui, inget samangsa ayeuna, ulah arek **magar** maneh, lamun henteu kacumponan, urang geus moal nimbang, mun teu bukti poe isuk, ieu tangtu uru-ara.

Jurutulis lengas-lengis, ka Wadana totobatan, abdi nyuhun-keun sarantos, caketna nengahan bulan, tebihna mung sabulan, Wadana teh wuwuh bendu, maneh tong rea aturan.

Henjor bae geura indit, itu bareng reujeung Kopral, moal pisan meunang ngoncer, Jurutulis tuluy iang, diiring ku Mas Kopral, sup ka bumi ngadon nyuuh, henteu tuang-tuang acan.

Campur semah nu naragih, aya babah aya Jawa, pabeulit sareng Tuan Seh, kabeh semah geus ditolak, dijawab tacan boga, nu nagih sami warangsul, sabudalna semah tea.

Jurutulis bari nangis, cacarita ka garwa, ayeuna kumaha Enden, ieu akang katempuhan, duit sapirang-pirang, ajen-ajen kana rebu, tanwande engkang dibuang.

Enden Juhro segruk nangis, sabuat inghak-inghakan, Ki Kopral ngahengen-hengen, cek Neng Uho ayeuna mah, urang deuheusan mama, sugar bisa numbu umur, da kagungan keneh sawah.

Ti dinya jung sami indit, diiringkeun ku Ki Kopral, gancangan geus nepi bae, geus nyampak Raden Wadana, sihoreng miheulaan, keur cacatur pasal kitu, tah kumaha sanggup Akang.

Barang datang barang jerit, Enden Uho lolongseran, tobat Gusti abdi paeh, mama-ibu cing tulungan, abdi tumbuan nyawa, cek ramana ulah kitu, ke heula mama dek nanya.

Reana duit nu leungit, jumblah aya sabaraha, Jurutulis ngodok kantong, sor catetan jumblah uang, cocog sareng Wadana, mung sarebu dua ratus, anu kudu digantian.

Ki sepuh manahna watir, nyaah ka nu lolongseran, ribut geus ngaler geus ngulon, ngumpulkeun anu baleunghar, harita lulung-lelang, beak lembur beak situ, beresih ka sawah-sawah.

Pendek Den Sastra burindil, ku ngaganti uang ilang, si artos sanggeusna cumpon, dirawatan ku Wadana, Wadana henteu lila, harita geus mulih tuluy, sumping ka kawadanan.

Kotret Den Wadana nulis, murustel menta lepasna, Jrutulis teu bisa make, reh bodo kabina-bina, jeung goreng kalakuan, suka ulin resep ngadu, lacurna kabina-bina.

Tidinya Den Jurutulis, barang damel sabiasa, teu nyaho yen dipurustel, henteu sabaraha lila, walonan eta serat, geus datang Jurutulis putus, lepas henteu meunang hormat.

Tukang barang meunang angin, yen Jurutulis geus dilepas, atuh munggah saban poe, nu nagih taya kendatna, atuh ka tambah-tambah, Enden Uho geus burundul, panganggo taya nu nyesa.

Tapi ari anu nagih, teu acan aya reureuhna, masih ngaleut keneh bae, ku lantaran teu katahan, Jurutulis tuluy ngejat, mulih ka mertua tuluy, campur papada walurat.

Tapina masih diberik, nu naragih ngudag-ngudag, jeung meunang kabar teu raos, yen bakal aya dakwa, lantaran pajeg kahar, ditampa masup di saku, eta beja geus tetela.

Jurutulis tengah peuting, keur meujeuhna jempe pisan, ngalolos teu puguh nya los, minggat anu teu karuhan, tina geus kasuhan, isuk-isuk sami guyur, Jurutulis ti imah musna.

Enden Uho rawah-riwih, tiluan pating kumaha, kurang dahar rombeng pake, geus teu rupa geus teu banda, lahan nu dicicingan, jadi milik Haji Mansur, waktu lulang-lelang tea.

Kira geus saminggu leuwih, kurutak surat ti desa, nganggo amplop diparanku, tujulna ka Raden Sastra, dibuka ditaraca, horeng surat ti nu kabur, model De Enden ditolak.

Enden randa rama miskin, walurat pohara pisan, tuang isuk henteu sore, taya pisan kasenangan, kapaksa batan lapar, sering tuang artos palsu, pamere sambarang jalma.

Sigeug nu walurat miskin, kocapkeun Rahaden Atma, geus deukeut kana panganten, burudul aleutanana, ti Raden Haji Anwar, puluh-puluhan jalma cukup, para santana jeung menak.

Di Den Jaya pon sayagi, balandongan ageung pisan, di pungkur pinuh ku pawon, rayap garwa menak-menak, Enden Emin diayap, malum terahing kadatun, lain pesta leuleutikan.

Cocog geus dugi ka pasti, Den Atma rendenganana, leresan di dinten Senen, geus jumegur kalangtaka, tawis ngangkat karia, di lebet sada ngaguruh, sumawon di Raden Jaya.

Diurus ku Dalem Istri, Gan Emin geus didangdanan, geulis bageur lanjang keneh, kitu deui Raden Atma, campur rea nu nyaah, ti Wadana Margawindu, mahanan sapirang-pirang.

Sumawon Wadana Istri, Margawindu ti anggalna, geus ngup-lek di lebet bae, rantab istri nu popolah, sadaya menak-menak, kira jam tabuh sapuluh, sayaga arak-arakan.

Den Atma jeung Agan Emin, ngarendeng dina kareta, memeh lebet ka masjid teh, ngarak muter-muter kota, warnaning tatabeu-han, di alun-alun ngaguruh, surakna ambal-ambalan.

Puluh-puluh anu ngiring, ngantay pungkureun kareta, menak-menak nu aranom, rame lain dikeuna, ngarak geus tepung gelang, panganten lebet ka kaum, nyampak rayap sarat-sarat.

Nu nikah beres sayagi, di kaum geus heurin nincak, rayap jalma nu lalajo, Enden Emin jeung Den Atma, lebet kana kareta, geus jengkar ti lawang kaum, ngaliwat lawang pamengkang.

Sasumping, nu ti masigit, tuluy sidekah biasa, di bumi mertua bae, hempak para menak-menak, ma'lum Rahaden Jaya, aya dina kolong ratu, turta aya karabatna.

Ondangan geus beres tartib, amung samemeh brak tuang, aya anu peremios, nya eta Raden Wadana, urut dununganana, cek Wadana Margawinandu, peremios ka sadaya.

Rehna ieu jisim kuring, sasat bapana Ki Atma, teu tahan ha-yang nyarios, amung moal panjang-panjang, sakadar pereluna, ka sadaya dulur-dulur, agung da dunungan urang.

Nya eta Kangjeng Bupati, nu miasih ka Ki Atma, meureun ku sadaya oge, katingali kauninga, geuning kieu buktina, diug^{tang} diratu-ratu, ditikahkeun ka wargina.

Meureun eta hiji tawis, Atma sanes jalma baha, tapi sabar ha-de hate, muga-muga satulunya, Atma sing hade tata, bisa kumu-reb ka Ratu, kumawula sahinasa.

Sabalikna mungguh pikir, nuhun ka kersa Pangeran, nu asih ka mahluk kabeh, nomer dua nu nyareat, nyata pangawulaan, 'Jeng Tumenggung nu ngajungjung, welas asih ka Ki Atma.

Tah sakitu taya deui, mangga geura tararuang, ger keprok parame-rame, Raden Haji Anwar tea, katut garwana pisan, nyuuuh jeung bari sumegruk, kelar ku liseng Wadana.

Sabada tuang marulih, panganten geus dicuculan, Kangjeng geus mulih ka gedong, sigeugkeun sabada hajat, beberes balongan, pasang rupa-rupa lampu, wengina dek raramean.

Beurang kaganti ku peuting, ondangan para nonoman, harita geus kempel kabeh, sumawonna Raden Atma, ngarendeng jeung garwa, nu lungguh sareng nu timpuh, estu taya kuciwana.

Kira jam dalapan leuwih, panganten geus dibaksaan, rame anu sami keprok, Raden pada ngamairan, nyanggakeun salametan, ibuna seug turun kaul, garwa Raden Haji Anwar.

Mangmasakkeun opat ringgit, kitu deui Nyi Wadana sadaya pating saleor, kawantu keur dipayunan, Kangjeng linggih di dinya, Den Atma ngibingna putus, ditema ku para menak.

Mung Kangjeng mah henteu lami, sabada ngibing Den Atma, harita ge mulih bae, nu ngaribing beuki mijah, tatas nepi ka beurang, kira jam satengah tujuh, harita nembe bubaran.

Dangdanggula

Nu tarebih sami pada mulih, ieu hajat sasat geus lekasan, dalah Rahaden Atma ge, sanggeus kenging saminggu, lajeng bae ngalih ka bumi, geureuha geus dicandak, lulus runtut raut, jatnika kabina-bina, tur dunungan seep-seep nya miasih, tina bageurna tea.

Raden Haji sering pulang-ting, sareng besan pacorok kacida, malah dina tempo-tempo, dina heuleut saminggu, dumeuheus ka Kangjeng Bupati, duaan sareng besan. Dalem mikalucu, tina ma'lum Haji Anwar, jalma surti katambah jeung hade ati, teu reu jeung paondangan.

Wadana mah teges nyieun pasti, saban-saban kempelan nagara, tara kulem di nu sejen, sumping ti Margawindu, kudu bae di

Den Jurutulis, jeung sering kikiriman, kamodelan kampung, Den Atma geus jadi menak, sarta sering Rahaden Atma sarimbit ngadeuheus ka Wadana.

Sigeug Raden Atma nu geus mukti, kakocapkeun Raden Sasstra tea, geus tambah kokoro bae, jadi marga sakitu, Enden Juhro kabawa miskin, geus galib teu kapalang, mungguh nu keur ripuh, sok ditambah ku cilaka, hiji mangsa Enden Juhro geus kapanggih, lampahna kanircaan.

Keur dibawa ku hiji lalaki, jalma ngora palacuran kota, ibarat cara ka ronggeng, mung eta jalma ridu, hiji mangsa eta lalaki, katungtik ku bojona, tapi henteu geruh, reh hayang tetela pisan, ulah beja naha yakin saban peuting, ngalanggan jeung si eta.

Beuki lila beuki tambah sidik, kanyahoan ku mata sorangan, atuh beuki panas bae, tina napsu kapegung, tuluy manggih akal nu lantip, bojona jalma tea, nyantel hiji ungkluk, diongkos ku lima perak, ngarah puas Neng Juhro bisa ditarik, ditunjang dayang kontrak.

Si ungkluk teh ngintip saban peuting, dibarengan ku hiji kapala, nu jadi sepiion doktor, pinareng Enden asup, kana imah nu leuwih buni, jeung nu rimbitan tea, atuh kari nubruk, Neng Juhro barang dek ngejat, kana lawang katewak ku ungkluk jadi, terus ka kacamatan.

Ger pasea rame tengah peuting, dayang gelap sareng dayang jalan, papontel pagowel-gowel, nu lacur enggeus kabur, tina bakat sieun ku rabi, pendekna Enden tea, ger pada ngalingkung, ku ronda sajero kota, harita ge dirawatna ku pulisi, ditangkep duanana.

Enden Juhro nangis ngabangingik, totobatan kuring teu tarima, pelesir bari ngalonte, basana ungkluk jadug, sia montong sok rea biwir, aing mah kawajiban, nangkep anu kitu, memangna aing dikasab, ayeuna mah hayoh sia urang indit, jeung aing ka Wadana.

Atuh Enden indit sapeupeuting, tur digendeng pirang-pirang ronda, barang geus asup ka kantor, Neng Uho ngarumpuyuk, tina

isin kaliwat saking, pilahir Den Wadana, beu nepi ka nyucud, tah mana ari jelema, ulah bedang sok resep nyieun sak ati, mapanas ngahihina.

Ayeuna mah na kumaha deui, da pastina iang ka nagara, asup kana jadi lonte, pek bae isuk-isuk, ieu jalma masing kagiring, bawa ka kantor jaksa, sakumaha umum, jeung terus ka kapatihan, barang tangtu dipariksa ku Bupati, paseban karegenan.

Enden Juhro beuki tambah nyeri, geus kacipta tepang jeung Den Atma, Jurutulis kabopaten, gancangna enggeus isuk, Enden Juhro harita indit, jeung upas mawa daptar, asup kana ungkluk, dibawa ka kantor jaksa, sarta tuluy ka kantor Kangjeng Bupati, prok sareng Raden Atma.

Raden Atma anu maca tulis, Enden Juhro ceurik bakat era, dasar Raden hade hate, cisoca geus nyurucud, sarta ngodok artos saringgit, tah Enden ieu engkang, ras emut ka sepuh, mekelan' hatur lumayan, tina inget kana asal jaman tadi, engkang mah tetep nyaah.

Artos ringgit ku Enden ditampi, henteu weleh nyusutan cisoca, cek Raden wayahna bae, Gan Juhro pok miunjuk, sanget pisian panuhun abdi, mugi mama wartosan, kitu deui ibu, Engkang kedah ngintun serat, carioskeun abdi geus dugi ka pasti, katang-kep lalampahan.

Cek Den Atma insa Allah teuing, hencig bae ayeuna jeung upas, tepangan Juragan Doktor, sing sabar da geus kitu, tuluy Enden nguliat indit, kadua upas tea, atuh joljol geblus, Enden jadi kolom dayang, ayeuna mah ngaringkuk di rumah sakit, ramana kasangsara.

Pagetona Raden nampi deui, hiji daptar awewe ngabangsat, si Enot maling lelepen, ti distrik Margawindu, Raden Atma pon watir deui, tunggal bijil cisoca, ras jaman di dapur, nalika jaman ngamagang, si Enot teh sasatna batur sapiring, sasama sadunungan.

Kocap Raden Sastryuda deui, nya ramana Enden Uho tea,

sanggeusing nampi serat teh, teu kinten kalangkabut, ngenes era pacampur nyeri, nyarios jeung garwa, 'na nepi ka kitu, ibuna mah sumawonna, siang-wengi damelna geus taya deui, ngan nangis jeung nalangsa.

Lami-lami ku tina prihatin, tina anteb leleb kanyerian, garwana teu damang bae, wales mung dua minggu, geus pinasti gurat ajali, mulih ka rahmatullah, ibu manjing kubur, Enden Uho dibeaan, mung ku Doktor henteu idin lami-lami, ngalayad mung sali-wat.

Enden Uho misti balik deui, diiringkeun ku mandor bakuna, leuleus cara kapuk bae, Neng Uho seuseut maju, nangis bari dituang samping, ramana kapid ~~.....~~ katutuh, eukeur katilar ku garwa, turug-turug putra manjing ~~.....~~ antaran kabalangsak.

Tah sakitu nyatana geus bukti, kolot bodo ~~.....~~ ak, ngandel ka omong Neng Uho, Neng Uho pon nya kti sapa da ieu aing, Den Atma anu mulya, gumira kalangka ieu h pikeun tuladan, jadi nyata jalma kudu nyanding harti, plak kana bahla.

T A M A T



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustak
Jenderal

89

